

# KORE TIFI

FAZ 3 – SIPO



**REPANSE POUVWA**  
An nou balanse pouvwa ant fi ak gason



**BEYOND BORDERS**



# Men sa ki genyen nan Faz 3 (Sipò)

## Resous pou manm Ekip

Faz 3 (Sipò): Pazapa . . . . .	.Paj 4
Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo Faz 3 (Sipò) . . . . .	.Paj 11
Gid Aktivite pou Klèb Tifi Faz 3 (Sipò) . . . . .	.Paj 38

## Materyèl mobilizasyon kominotè

Afich Faz 3 (Sipò) . . . . .	.Paj 52
Ti Komik. . . . .	.Paj 55
<i>Ti Komik Jesika No. 2</i> . . . . .	.Paj 57
<i>Ti Komik Natali No. 2</i> . . . . .	.Paj 61
Ti Koze sou Lasante Faz 3 (Sipò) . . . . .	.Paj 63
Lide pou Atik oswa Repòtaj . . . . .	.Paj 70
Teyat Faz 3 (Sipò) . . . . .	.Paj 76
Ti Pale ak Paran . . . . .	.Paj 86

## Kourikoulòm pou elèv

Entwodiksyon Kourikoulòm


Syans Sosyal 1ye ak 2yèm ane Nouvo Segondè

Biyoloji 1ye ak 2yèm ane Nouvo Segondè

Thèmes et Sujets • Français 1ère et 2ème Année du Nouveau Secondaire



# FAZ 3 (SIPÓ): PAZAPA



**Dire Faz 3:**

6 mwa (*Kore Tifi sèlman*)

6-8 mwa (*Kore Tifi avèk SASA!*)

Nan Faz 1 ak Faz 2 *Kore Tifi*, nou te monte yon Ekip ak yon Rezo *Kore Tifi* solid. E yo te kòmanse fasilite bon jan refleksyon fèt nan kominote a plis bon kalite chanjman nan konesans ak kwayans manm kominote a. Nan Faz 3 (Sipò), Ekip la ak Rezo a ap ede moun devlope kapasite pou bay mouvman chanjman an jarèt nan kominote a. Sa ap fèt nan fasilite moun devlope teknik ak ladrès pou koupe fache ak vyolans, pèmèt tifi jwenn pouvwa yo, ankouraje rezo chanjman vin pi solid toujou.


Dokiman sa a, menm jan ak kèk seksyon "*Kijan Kore Tifi ap mache? Swivi ak Evalyasyon*" (Liv Entwodiksyon paj 35), genyen direktiv pou Ekip la bay sipò yon fason estratejik nan Faz 3.

Faz 3 genyen tou bonkou materyèl mobilizasyon kominotè ki enpòtan nan devlope kapasite ki pou pèmèt: tifi viv san danje, yo genyen lavwa ochapit ak santiman sou chanjman yo kapab fè plis ekilib pouvwa ant tifi ak ti gason. Se manm Ekip la ak manm Rezo *Kore Tifi* ki pou sèvi avèk materyèl sa yo anvan. Konsa yo pral kontinye devlope pwòp kapasite pa yo. Apre sa, Ekip la ap aprann manm Rezo a sèvi ak materyèl sa yo onivo tout kominote a pou pwosesis chanjman an vanse.

# Objektif

Objektif faz sa a se:

- 1) Devlope kapasite ak ranfòse rezo pou bon jan chanjman fèt epi anrasinen kay manm Ekip la, manm Rezo yo ak nan kominote a sou pouvwa ak zafè vyolans sou tifi. (Asire nou angaje tout sèk enfliyans ki lye ak Rezo a).
- 2) Kontinye ranfòse kapasite Ekip la ak manm Rezo Kore Tifi pou yo:
  - ✓ Kreye yon plan pou Faz 3 ki angaje tout sèk enfliyans yo.
  - ✓ Reyalize tout **aktivite** Faz 3 (Sipò) yo ki nan Lis Aktivite Faz 3 ki pi ba a.
  - ✓ Fasilite yon pwosesis mobilizasyon kominotè ki mennen kominote a fè chanjman nan kapasite li genyen.



# Rezilta



Pou atenn objektif pi wo yo, nou pral enspire manm kominote a pou yo fè kèk chanjman espesifik onivo kapasite yo. Lè nou jwenn rezilta pi ba yo, nou konnen nou atenn objektif Faz 3 yo e nou pare pou nou antre nan pwochen Faz la.

**Rezilta 1:** Manm kominote a genyen kapasite sa yo:

- \* Kapab bay tifi k ap fè fas ak pwoblèm oubyen ki genyen sousi sipò.
- \* Kapab bay tifi ki rapòte ka vyolans sipò epi gide yo pou yo jwenn sipò ak sèvis kominote a ofri.
- \* Kapab idantifye omwens yon 'espas san danje' pou tifi yo nan kominote a.
- \* Kapab pale avèk tifi yo sou sijè sansib tankou lajan, sante seksyèl ak vyolans.
- \* Kapab pouse lekòl adopte kòd konduit ki pou pèmèt Swivi fèt lè gen ka abi seksyèl ki rapòte.

**Rezilta 2:** Tifi yo genyen kapasite sa yo:

- \* Kapab chèche sipò e kapab gide yon zanmi oubyen yon lòt tifi pou jwenn sipò si zanmi oswa lòt tifi a sibi yon zak vyolans.
- \* Kapab idantifye yon 'espas san danje' nan kominote yo.
- \* Kapab di 'non' lè yo pa vle yon aktivite seksyèl.
- \* Kapab chèche zanmi fi ki p ap viv nan menm kay avèk yo.
- \* Kapab chèche yon pèsonaj fanm nan kominote a si yo ap fè fas ak nenpòt kalte pwoblèm oubyen si yo genyen nenpòt kalte sousi.
- \* Kapab kominike avèk paran yo sou enpòtans pou yo kontinye ale lekòl.

Remak: Si nou ap sèvi avèk metodoloji *Kore Tifi* ansanm avèk *SASA!*, pa bliye gade Rezime Jeneral Faz Sipò *SASA!* pou nou jwenn yon lis rezilta ki pou *SASA!* nan Faz Sipò. Epi, asire nou reyalize tout rezilta ki nan toude gid yo.

# Lis aktivite

Lis pi ba a genyen tout aktivite ki pi enpòtan nou dwe reyalize nan Faz 3 (Sipò).

Lis Aktivite Faz 3 (Sipò)		
✓	AKTIVITE	RESOUS
	1. Regade tout materyèl Faz 3 (Sipò) yo. Tradui, adapte ak enprime materyèl mobilizasyon kominotè nou vle itilize yo.	Faz 3 (Sipò): * Afich Pouvwa (paj 52) * Ti Komik Jesika No. 2 (paj 57) * Ti Komik Natali No. 2 (paj 61) * Ti Koze sou Lasante (paj 63) * Lide pou atik oswa repòtaj (paj 70) * Teyat (paj 76) * Ti Pale (paj 86)
	2. Mete klasifikasyon resous kominotè ak lis referans la ajou.	Monte yon Rezo pou Chanjman (Faz 1 paj 17) plis Kijan Kore Tifi ap Mache: Swivi ak Evalyasyon (Liv Entwodiksyon paj 69)
	3. Fè fòmasyon ak sesyon pratik pou Ekip la ka sèvi ak materyèl mobilizasyon kominotè Faz 3	Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 3 (paj 11)
	4. Fè fòmasyon Faz 3 pou menntò klèb tifi yo, pwen fokal nan lekòl, pwofesè lekòl, AK ak GAK yo	Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 3 (paj 11)
	5. Fè fòmasyon pou pwofesè ki pral sèvi ak kourikoulòm Kore Tifi.	Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 3 (paj 32)
	6. Rankontre AK yo, manm GAK yo, pwen fokal yo ak menntò yo, omwen yon fwa pa mwa.	Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 3 (paj 13)
	7. Bay aktivite AK yo, pwen fokal nan lekòl yo, klèb tifi yo ak GAK yo bakòp; sèvi ak fòmilè Swivi yo nan vizit sipò sa yo.	Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 3 (paj 11) ak Kijan Kore Tifi ap Mache: Swivi ak Evalyasyon (Liv Entwodiksyon paj 38). Tout materyèl mobilizasyon kominotè Faz 3.

✓	AKTIVITE	RESOUS
	8. Mete ajou "Fichye Bezwen ak Resous pou Tifi" avèk klèb tifi yo.	Kijan Kore Tifi ap Mache: Swivi ak Evalyasyon (Liv Entwodiksyon paj 45)
	9. Fè Swivi avèk manm direksyon plis pwen fokal lekòl yo pou mete sistèm referans la ajou epi, si gen bezwen pou sa, pou nouvo manm pèsònèl la siyen kòd konduit la.	Pwosesis Preparasyon lekòl (Faz 1 paj 56-57)
	10. (Lè nou santi nou pare) Prepare nou pou nou fè evalyasyon Faz 3. <i>*Si nou ap sèvi ak Kore Tifi ansanm ak SASA!, mete kesyon ki soti nan toude metodoloji yo.</i>	Kijan Kore Tifi ap Mache: Swivi ak Evalyasyon (Liv Entwodiksyon paj 38)* <i>*Si nou ap sèvi ak SASA!, gade "Rezime Jeneral Faz Sipò"</i>

Òganizasyon ki ap sèvi ak metodoloji SASA! tou, sonje genyen lòt aktivite ki nan Faz Sipò SASA! ki pa nan Kore Tifi. Nou ap jwenn yo nan dokiman Medya ak Pledwaye SASA!; pa egzanp Sipò – Fè yo wè w. Asire nou li tout liv Faz Sipò SASA! a. Li genyen zouti ak metòd k ap itil nou anpil. Pa egzanp liv fòmasyon Faz Sipò kapab itil anpil nan fòmasyon manm Ekip ak Rezo Kore Tifi.

### Kilè pou nou pase nan Faz 4

Lè nou panse n ap tande e n ap gade kominote a ap fè demonstrasyon rezilta ki site pi wo yo, nou ap fè yon evalyasyon pou nou konnen si li lè pou nou pase nan Faz 4. Gade "Kijan Kore Tifi ap mache? Swivi ak Evalyasyon" (Liv Entwodiksyon paj 38) pou nou jwenn zouti evalyasyon ki pou sèvi nan moman sa a. Si repons yo demontre genyen bon jan pwogrè ki fèt sou rezilta yo, nou kapab pase nan Faz 4. Sinon, nou kapab mete plis tan sou Faz 3 a, oryante travay nou yon fason ki pi espesifik pou nou konble twou vid nou wè yo, epi tann nou pare pou nou pase nan Faz 4.

## Egzanp kalandriye — Kore Tifi (6 mwa)

AKTIVITE	MWA 1	MWA 2	MWA 3	MWA 4	MWA 5	MWA 6
Regade tout materyèl Faz 3 (Sipò). Tradui, adapte ak enprime materyèl mobilizasyon kominotè nou vle itilize yo.						
Mete klasifikasyon resous kominotè ak lis referans la ajou.						
Fè fòmasyon ak sesyon pratik pou Ekip la ka sèvi ak materyèl mobilizasyon kominotè Faz 3.						
Fè fòmasyon Faz 3 pou AK, pwen fokal nan lekòl ak menntò klèb tifi yo.						
Fè fòmasyon Faz 3 pou manm Gwoup Aksyon Kominotè (GAK).						
Fè fòmasyon pou pwofesè ki pral sèvi ak kourikoulòm Kore Tifi.						
Rankontre AK yo, manm GAK yo, pwen fokal yo ak menntò yo, omwen yon fwa pa mwa.						
Bay aktivite AK yo, pwen fokal nan lekòl yo, klèb tifi yo ak GAK yo bakòp; sèvi ak fòmilè Swivi yo nan vizit sipò sa yo.						
Mete ajou “Fichye Bezwen ak Resous pou Tifi” avèk klèb tifi yo.						
Fè Swivi avèk manm direksyon plis pwen fokal lekòl yo pou mete sistèm referans la ajou epi, si gen bezwen pou sa, pou nouvo manm pèsonèl la siyen kòd konduit la.						
(Lè nou santi nou pare) Prepare nou pou nou fè evalyasyon Faz 4.						

Òganizasyon ki ap sèvi ak metodoloji *SASA* tou, nou ap bezwen pwobableman, pou pi piti, 8 mwa pou enplemantasyon. Asire nou ajoute aktivite Medya ak Pledwaye yo nan kalandriye nou!

**GID POU KAPASITE  
EKIP AK REZO  
FAZ 3 (SIPO)**



Nan Faz 3, manm Ekip ak Rezo *Kore Tifi* ede anpil lòt manm kominote a devlope kapasite pou yo balanse pouvwa ak bay sipò yo pou travay aktivis.

Dokiman sa a genyen lide ak konsèy sou fòmasyon ak ankadreman pou Faz 3. Li divize an seksyon pou gwoup sa yo:

- \* Ekip *Kore Tifi* (paj 15)
- \* Aktivis Kominotè (AK) ak Gwoup Aksyon Kominotè (GAK) (paj 18)
- \* Menntò Klèb *Tifi* (paj 24)
- \* Pwofesè (paj 32)
- \* Pwen Fokal nan lekòl (paj 35)

Li enpòtan pou manm Ekip la li tout dokiman sa a anvan yo kòmanse aktivite pou Faz 3. Lè yo ap angaje gwoup yo, manm Ekip la dwe refere yo ak seksyon patikilye ki pou chak gwoup. Li enpòtan tou pou manm Ekip la li “Faz 3 Pazapa” (paj 4) epi pou yo alèz ak tout materyèl mobilizasyon kominotè Faz 3 anvan yo kòmanse fè fòmasyon.

## Rezilta

Fòmasyon ak ankadreman nan Faz 3 fèt pou mennen nan reyalizasyon rezilta Faz 3 yo (gade “Faz 3 Pazapa,” paj 4). Chak gwoup jwe wòl diferan pou chanjman fèt nan kominote a; sa fè chak gwoup bezwen fòmasyon ak ankadreman ki yon ti jan diferan tou. Pa konsekan, genyen objektif aprantisaj pou chak gwoup ki prezante nan seksyon pi ba yo.

## Koutje sou Fòmasyon

Nan Faz 3, manm Ekip ak Rezo ede devlope kapasite ak koneksyon pami gwoup yo pou youn bay lòt sipò nan travay aktivis ak ak nan balans pouvwa nan relasyon yo. Pou reyalize rezilta Faz 3 yo, chak gwoup dwe jwenn fòmasyon pou li devlope kapasite li bezwen pou wòl patikilye li genyen. Detay yo prezante pi ba a, nan seksyon ki sou chak gwoup.

## Sonje! Itilizasyon kourikoulòm *Kore Tifi* pou lekòl avèk manm Ekip, manm Rezo

Kourikoulòm *Kore Tifi* pou lekòl kapab yon resous itil pou fòmasyon manm Ekip ak Rezo. Lè se pa nan lekòl nou ap sèvi ak kourikoulòm nan, sote seksyon ki sijere fason pou ou antre ak soti nan liv lekòl yo epi kòmanse sesyon yo nan seksyon “Egzèsis”. Chanje mo ki pa koresponn ak manm gwoup yo pandan nou ap anime sesyon yo. Pa egzanp rele manm gwoup yo patisipan olye elèv. Avèk ti ajisteman minè konsa, materyèl rich sa a kapab pafètman apwopriye pou manm Ekip ak Rezo!

## Koutje sou Ankadremman

Nan kòmansman Faz la, Ekip la pral fè yon lòt evalyasyon pou konnen kiyès ki pi bezwen ankadremman ak kiyès ki pi apworiye pou jwe wòl ankadrè nan Ekip la. Sonje chak manm Ekip kapab ankadre plizyè manm Rezo—se toujou 25 a 30 moun pou pi plis, epi mwens nan zòn riral ak zòn moun pa kapab sikile pou rankonte lòt moun rapid. Ekri lis ki revize pou patenarya nan ankadremman pou Faz 3 (ki manm Ekip ki ap ankadre kiyès). Asire nou chak ankadrè konnen kiyès li pral bay sipò, epi konprann tout ti chanjman ki dwe genyen nan wòl li selon moun oubyen gwoup li ap ankadre. Kontinye rankontre omwen chak trimès pou analize pwogrè ak evalye chanjman ki fèt apati sipò ki bay nan ankadremman.

### Ede manm Rezo a fè koneksyon

Ankadremman nan Faz sa a kòmanse genyen fokis plis sou devlopman kapasite ak agrandisman sèk sosyal chak aktivis. Li enpòtan pou moun ki ap jwe wòl ankadrè mete moun yo ap ankadre an kontak ak lòt moun, òganizasyon, lidè ak gwoup. Koneksyon ak otorite leta, aktivis mouvman sosyal anpil moun konnen, lidè òganizasyon, ak lòt kapab ranfòse sipò pou chanjman nan nivo pèsonèl ak nivo kominotè. Ankadrè yo kapab ede aktivis prepare lespri yo pou rankont sa yo. Sa kapab fèt nan chwazi sijè (pou rankont fòmèl); nan bay aktivis, alavans, enfòmasyon de baz sou pèsonaj yo pral rankontre; nan brase lide ansanm sou fason nouvo kontak yo kapab itil pou misyon yo ki se ede tifi ranfòse pouvwa yo.

Nan Faz 3, li enpòtan tou pou nou kreye opòtinite pou genyen echanj ant gwoup ki nan Rezo *Kore Tifi*. Si genyen mwayen pou sa, nou kapab fè yon gwo rankont pou tout manm Rezo a; si mwayen yo limite, nou kapab envite manm kle nan chak gwoup al vizite rankont ak aktivite lòt gwoup. Nou kapab planifye evenman ki mete plizyè gwoup Rezo a ansanm tou, pou yo twoke lide an menm tan avèk moun ki genyen gwo enfluyans tankou lidè, moun ki reskonsab kèk sèvis, moun ki se resous pou kominote a nan kèk domèn. Elajisman kontak sosyal kapab enteresan anpil pou aktivis menm jan li estratejik nan ede ranfòse pouvwa tifi!

## Konsèy!

Li kapab itil pou nou reflechi ak moun nou ap ankadre sou diferans ki genyen ant fè kontak pou avansman yon koz sosyal ak fè kontak pou enterè pèsònèl. Si manm Rezo a ap apwoche moun ki genyen enfluyans ak entansyon pou yo avanse nan pwòp karyè yo, nan politik, oubyen si yo ap fè demann ki pa gen rapò ak objektif Rezo a, sa kapab fè dega sou pwosesis la. Lè nou fè e nou kenbe objektif relasyon nou ap bati yo byen aklè, sa kapab ede nou kenbe eskap figi Rezo a epi, jwenn rezilta nou ap chèche yo.


### Plis ankadrè

Nan Faz 3, manm Rezo a ki genyen bon jan eksperyans kapab vin ankadrè pou lòt manm nan kominote a, si yo pa deja ap jwe wòl sa a. Manm Ekip la kapab ede manm Rezo a idantifye opòtinite pou yo ankadre manm kominote a ki aktif nan ranfòse pouvwa tifi. Pa egzanp, AK kapab tabli relasyon patenarya pou ankadreman avèk manm kominote a ki patisipe regilyèman nan aktivite, pandan pwen fokal nan lekòl ap fè menm jan avèk aktè kle nan lekòl. Mete sou sa, pi fò manm Rezo a pral jwe yon kalte wòl ankadrè pou tifi ki pwòch yo. Lè manm Rezo a jwenn bon ankadreman, sa kapab pèmèt plizyè ladan yo vin jwe wòl ankadrè pou lòt moun nan kominote a; genyen moun ki kapab bezwen plis sipò pou rive fè sa.

### Dokimante pwogrè ki fèt

Li enpòtan pou travay ankadreman an rete estriktire, menm si li fèt fason enfòmèl. E, manm Ekip ki ankadrè dwe dokimante pwogrè ki fèt ak defi yo rankontre sou wout pou jwenn rezilta yo te vize yo. Manm Ekip la pral kontinye ranpli Fòm pou Rapò Aktivite ki prezante nan “Kijan Kore Tifi ap mache? Swivi ak Evalyasyon” (Liv Entwodiksyon, paj 46) epi bay fidbak regilye sou aktivite nan kominote a. Fòmilè sa a ede ankadrè yo bay fidbak espesifik ak swiv pwogrè ki te fèt. Nou kapab swiv pwogrè yo tou nan Rankont Ekip pou Swivi ak Evalyasyon chak mwa oswa trimès (gade “Kijan Kore Tifi ap mache?” Liv Entwodiksyon, paj 56). Si Ekip la devlope lòt fòmilè senp ki pou ranpli nan fen chak sesyon ankadreman, kontinye analize yo nan Rankont Ekip sou Swivi ak Evalyasyon.

Nan tout seksyon ki pi ba yo, nou pral jwenn egzanp opòtinite pou ankadreman ki koresponn a chak gwoup. Sèvi ak egzanp yo pandan nou ap kontinye chèche lòt opòtinite pou nou bay moun nou ap ankadre sipò!



# Manm Ekip

*Pandan Rezo a ap vin pi solid, pi laj, manm Ekip la jwe yon wòl enpòtan nan kenbe Kore Tifi santrè tout bon sou tifi. Yo pral bezwen genyen gwo kapasite pou yo ede lòt moun ranfòse kapasite pa yo epi, ede devlope yon Rezo ki djanm!*

## OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 3:

**Asire Ekip la gen kapasite pou li fè rezilta Faz 3 yo ateri nan Rezo a, e li kapab:**

- \* Kreye yon Plan Daksyon pou Faz 3 ki angaje tout sèk enfliyan yo.
- \* Bay bon jan referans pou tifi ak fanm ki sibi vyolans, trape VIH/SIDA, vin ansent sanzatan oubyen ki an risk pou yo fè fas ak youn nan pwoblèm sa yo.
- \* Bay sipò ak manm kominote a ki ap eseye balanse pouvwa yo nan relasyon yo ak nan kominote a.
- \* Devlope kapasite pou ranfòse pwosedi nan lekòl ki pèmèt swivi fèt sou ka abi seksyèl ki rapòte nan lekòl.
- \* Sèvi ak materyèl mobilizasyon Faz 3 yo pou fasilite bon jan kalte echanj ak brase lide.
- \* Bay aktivite Rezo a ap fè jarèt.
- \* Itilize fòmilè swivi pou dokimante pwogrè ak bay bon jan fidbak.
- \* Reyalize Fòmasyon Faz 3 ak rankont Rezo.
- \* Reyalize evalyasyon Faz 3 epi konpare done yo ak sa ki te vini anvan.
- \* Bay manm Rezo a sipò pou yo jwe wòl yo kòm-sa-dwa nan pwosesis chanjman pi laj la.

## FÒMASYON MANM EKIP

Li rekòmande pou tout manm Ekip la patisipe nan yon fòmasyon ki dire plis pase yon jounen anvan aktivite Faz 3 yo kòmanse. Sa dwe ede manm Ekip la genyen yon bon lide sou kontni Faz 3 a, epi konnen wòl yo nan pwosesis chanjman an. Moun ki fè planifikasyon *Kore Tifi*, oubyen lòt moun ki gen eksperyans nan anpeche vyolans fèt sou tifi ak teknik mobilizasyon kominotè, kapab mennen fòmasyon sa a. Apre fòmasyon Faz 3 a, nou kapab fè lòt sesyon fòmasyon pou rann manm Ekip la pi efikas pou yo reyalize rezilta Faz sa a. Sesyon sa yo kapab pi kout e yo ap fèt nan orè regilye travay la.

Pou lòt sipò teknik nan zafè fòmasyon pou manm Ekip *Kore Tifi*, silvouplè kontakte Pwogram Repanse Pouvwa sou [annanpechevyolans@gmail.com](mailto:annanpechevyolans@gmail.com), oubyen veye opòtinite pou fòmasyon sou [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org)

Fòmasyon Faz 3 vize ranfòse kapasite manm Ekip la pou yo bay chanjman pozitif jarèt nan kominote a. Konesans nan fè pledwaye, kreye rezo solid/ranfòse mouvman, devlope lidèchip, fè swivi ak evalyasyon, fasilite echanj ak fè fòmasyon pou gwoup, tout sa dwe fè pati kapasite manm Ekip la. Fòmasyon yo pral pèmèt manm Ekip la reflechi sou kèk pwoblèm nan pwòp lavi yo, pandan sa yo ap aprann pral pèmèt yo fasilite sesyon fòmasyon pou manm Rezo a.

Pou Òganizasyon k ap sèvi ak *Kore Tifi* ansanm ak *SASA*<sup>1</sup>, konnen genyen sesyon fòmasyon ki menm pou toude metodoloji yo. Nou kapab jwenn anpil nan sesyon fòmasyon yo nan Modil Fòmasyon Faz Sipò *SASA* "Ranfòse Kapasite," disponib sou: [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org)

## ANKADREMAN MANM EKIP

Anvan nou rive nan Faz 3, manm Ekip ki ankadrè ap gen tan devlope bon jan rapò ak moun yo ap ankadre. Nou dwe reevalye si ankadrè yo dwe rete ak menm moun yo t ap bay sipò yo. Oubyen tou si genyen kèk chanjman ki bezwen fèt pou plis aprantisaj ak pi bon rapò travay pami manm Ekip la. Nouvo kapasite manm Ekip la dwe genyen nan Faz 3 tankou, konpetans nan domèn lidèchip, ranfòsman mouvman ak pledwaye, bagay sa yo kapab oblije nou repanse patenarya pou ankadreman yo. Oubyen tou ankadrè yo dwe jwenn lòt materyèl ki soti nan lòt sous pou pèmèt moun ki ap resevwa ankadreman kontinye fè pwogrè.

Kèk opòtinite pou nou bay manm Ekip ankadreman nan Faz 3:

- \* Manje nan mitan jounen ansanm epi pwofite moman sa yo pou nou fè deba ki fran sou sijè ki gen rapò ak kalite kapasite manm Ekip la dwe genyen.

- \* Mete tan pou nou fè similasyon ak pratik sou nouvo kapasite manm Ekip la bezwen.

- \* Pataje atik oubyen lòt tèks nou li epi ansanm, fè refleksyon ak echanj sou yo.

- \* Fè rankont apre chak evenman enpòtan pou nou tire leson ak reflechi sou yo.

- \* Vizite manm Ekip lakay yo, lè sa apwopriye, pou plis refleksyon ak entèaksyon onivo pèsònèl.

- \* Patisipe nan aktivite kominotè enpòtan manm Ekip la ap mennen.



# Aktivis Kominotè (AK) ak Gwoup Aksyon Kominotè (GAK)



*AK ak GAK mete ranfòsman kapasite yo jwenn nan Kore Tifi an pratik nan tout rakwen kominote a. E kòm nouvo aktivis, yo fè vanse travay aktivis nan kominote a pou kore pouvwa tifi.*

## OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 3 :

**Asire AK yo ak manm GAK yo genyen kapasite pou fè rezilta Faz 3 yo ateri nan tout kominote a, e yo kapab:**

- \* Bay tifi ak fanm yo referans pou yo jwenn resous ki apwopriye nan kominote a, oka yo sibi vyolans, yo pran VIH/SIDA oubyen lòt maladi moun pran nan fè bagay, oubyen tou si yo ansent.
- \* Pote sipò pou manm kominote a ki ap eseye balanse pouvwa yo nan relasyon yo ak nan kominote a.
- \* Fè animasyon ak fasilite pou tout materyèl mobilizasyon kominotè Faz 3 a.
- \* Esplike ak demontre bon pratik nan fè mobilizasyon kominotè (pa egzanp: poze kesyon, angaje fi ak gason, jwenn okazyon chak jou pou fè travay aktivis).
- \* Ankadre manm kominote a ki patisipe regilyèman nan aktivite oubyen lòt manm rezo.

## FÒMASYON AK AK MANM GAK

### AK

Li enpòtan pou manm Ekip la òganize ak fasilite twa (3) jou fòmasyon pou tout AK. Ideyalman se pou 3 jou fòmasyon sa yo fèt youn dèyè lòt nan kòmansman Faz 3 a. Asire nou plase 3 jou sa yo nan peryòd ki pi bon pou AK yo e ki pèmèt yo patisipe plis posib nan fòmasyon an. Si bidjè ak reyalyte a pèmèt sa, li rekòmande pou fòmasyon an fèt kote patisipan yo dòmi-leve. Sa pral ede devlope relasyon sosyal ak tise lyen nan mitan AK; e sa enpòtan anpil pou pwosesis chanjman an.



Nan Faz 3, fòmasyon an vize ranfòse kapasite AK yo pou yo angaje nan yon mouvman pou kore pouvwa tifi. E fòmasyon an fokis sou kapasite espesifik ki site nan Objektif aprantisaj pou Faz 3.

### Manm GAK

Li pa nesèsè pou nou fè fòmasyon entansif nan espas kote manm GAK ap dòmi-leve. Nou kapab chwazi repati kontni ki pou 3 jou Fòmasyon AK yo sou youn al de (2) mwa, selon kalandriye manm GAK yo. Pou pèmèt plis patisipasyon posib, mete sesyon fòmasyon yo anndan aktivite ki te deja planifye pou manm GAK yo, si sa nesèsè.

Men yon egzanp ajennda pou fòmasyon AK ak manm GAK pi ba a. Egzanp ajennda sa a òganize pou AK, men konsidere bezwen ak enterè chak GAK pou nou òganize li pou manm GAK yo tou. Toujou pran an kont nyans ki egziste ant GAK yo, epi planifye omwen yon sesyon pou nou brase lide sou jan kontni fòmasyon an mache yon fason espesifik ak wòl patisipan yo selon yo se manm yon GAK oubyen yon lòt. Chwazi kèk manm GAK ki pou patisipe nan rankont avèk lòt gwoup ki nan Rezo a. E selon disponibilite manm GAK sa yo, ede yo fè kontak avèk lidè kominotè, moun ki reskonsab resous nan kominote a.

## EGZANP AJENNDA POU FÒMASYON AK AK MANM GAK (FAZ 3)

### 1ye jou: Ranfòse pouvwa moun

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 10:00	<b>Byenvini!</b> <i>Kreye anbyans ak entwodiksyon, objektif, atant, 5-minit similasyon kote AK/manm GAK ap esplike manm kominote a oubyen divès gwoup moun kisa Kore Tifi ye</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
10:00 - 10:45	<b>Pataj eksperyans ak defi nan travay aktivis</b> <i>Patisipan yo pataje eksperyans yo ak defi yo rankontre depi yo kòmanse pou rive kounye a</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
10:45 - 11:00	<b>Poz</b>	
11:00 - 12:00	<b>Men anpil, chay pa lou, ak Ranfòse pouvwa moun ki ap chèche sipò</b> <i>Jwèt ak istwa ki pèmèt echanj ant patisipan kote yo ap pratike fason yo ranfòse pouvwa moun k ap chèche sipò</i>	Modil Fòmasyon Faz Sipò SASA "Ranfòse Kapasite," disponib sou: <a href="http://repansepouvwa.org">repansepouvwa.org</a>



LÈ	SESYON	REFERANS
12:00 – 1:00	<b>Kijan nou kapab ekilibre pouvwa nou?</b> <i>Sèn teyat ak echanj/diskisyon sou kijan sa ye lè de (2) moun nan yon koup byen balanse pouvwa yo</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 9yèm Ane, Faz 2, paj 85
1:00 - 2:00	<b>Manje</b>	
2:00 - 3:30	<b>Kwè nan balans pouvwa ak Konstwi yon relasyon koup kote pouvwa byen balanse</b> <i>Brase lide tou kout pou ede patisipan yo kwè ekilib pouvwa posib, apre travay an gwoup pou devlope kapasite sou ekilib pouvwa</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 9yèm Ane, Faz 2, paj 88 Kourikoulòm Syans Sosyal 1yèm Ane Nouvo Segondè (3zyèm), Faz 3, paj 4
3:30 - 3:45	<b>Poz</b>	
3:45 - 4:15	<b>Brase lide : Kijan nou kapab devni modèl ki sèvi ak pouvwa pozitif ?</b> <i>Fasilitatè yo òganize brase lide sou kesyon an, pou chèche mwayen espesifik AK, manm GAK ak manm Ekip kapab devni modèl pozitif nan fason moun sèvi ak pouvwa pozitif nan kominote a.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
4:15 - 4:30	<b>Evalyasyon ak kloti</b>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an

### 2yèm jou: Bati Relasyon pou Chanjman

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 10:00	<b>Repriz gran pwen 1ye jounen an ak Dakò/Pa Dakò</b> <i>Repriz, apre sa fasilitatè li deklarasyon sou pouvwa tifi. Patrisipan yo vote avèk pye yo epi yo fè deba sou pwòp eksperyans ak pèspektiv pa yo.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Dakò/Pa Dakò nan Liv "Sesyon Fòmasyon Siplemanntè Kore Tifi," disponib sou: <a href="http://repansepouvwa.org">repansepouvwa.org</a>
10:00 - 10:45	<b>Kijan pou nou jere kòlè nou olye nou sèvi ak vyolans</b> <i>Patrisipan reflechi sou pwòp konpòtman yo lè yo fache, epi yo pratike kapasite pou yo viv san vyolans</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 2yèm Ane Nouvo Segondè (Segonn), Faz 3, paj 30

LÈ	SESYON	REFERANS
10:45 - 11:00	<b>Poz</b>	
11:00 - 01:00	<b>Kole zepòl ak lòt aktivis ak Pouvwa obsèvatè</b> <i>De (2) sesyon kote patisipan yo aprann ak pratike fason pou yo bay sipò yo ak lòt aktivis epi mete pouvwa yo ansanm ak pouvwa lòt moun</i>	Modil Fòmasyon Faz Sipò SASA "Ranfòse Kapasite," disponib sou: <a href="http://repansepouvwa.org">repansepouvwa.org</a>
1:00 - 2:00	<b>Manje</b>	
2:00 - 3:30	<b>Panèl : Moun ki se resous nan Kominote pou ranfòse pouvwa tifi</b> <i>Panèl diskisyon kote manm Ekip la envite alavans lidè kominotè ak moun ki se resous nan kominote a, pou ede AK ak manm GAK konekte ak resous kominote a. Remak: Se kapab yon opòtinite pou nou envite lòt manm Rezo a tou.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
3:30 - 3:45	<b>Poz</b>	
3:45 - 4:15	<b>Panèl: kesyon/repons oubyen jedewòl avèk referans</b> <i>Kesyon ak repons avèk manm yon panèl, oubyen similasyon kote manm Rezo a jwenn opòtinite pou bay referans ki pèmèt moun ki bezwen jwenn aksè a resous kominote a</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
4:15 - 4:30	<b>Evalyasyon ak kloti</b>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
Aprè-midi nèt (Li Pa obligatwa)	<b>Ti Fèt!</b> <i>Aktivite ki pa obligatwa — opòtinite pou relasyon pi sere ak pou youn aprann konnen lòt nan yon anbyans sosyal ki pi rilaks</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an

### 3yèm jou: Ranfòsman Kapasite

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 10:00	<b>Repriz gran pwèn 2yèm jounen an ak Dakò/Pa Dakò</b> <i>Repriz, apre sa faslitatè li deklarasyon sou pouvwa tifi. Patisipan yo vote avèk pye yo epi yo fè deba sou pwòp eksperyans ak pèspektiv pa yo.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon. Dakò/Pa Dakò nan Liv "Sesyon Fòmasyon Siplemanntè Kore Tifi," disponib sou: <a href="http://repansepouvwa.org">repansepouvwa.org</a>


LÈ	SESYON	REFERANS
10:00 - 11:00	<b>SASA! Kapasite Kominikasyon</b> <i>Patisipan fè jedewòl pou montre bon kapasite kominikasyon</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 1yè Ane Nouvo Segondè (3zyèm), Faz 3, paj 13
11:00 - 11:15	<b>Poz</b>	
11:15 - 01:00	<b>Ki kote m kapab ale si ... (1ye ak 2yèm pati)</b> <i>Patisipan fè yon similasyon pou ede tifi jwenn resous kominote a ki enpòtan pou yo, epi aprann sou fason pou yo pèsiste lè y ap chèche sipò pou tèt yo</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 1yè Ane Nouvo Segondè (3zyèm), Faz 3, paj 17
1:00 - 1:45	<b>Manje</b>	
1:45 - 3:15	<b>Fè pratik ak Materyèl Mobilizasyon Kominotè Kore Tifi</b> <i>Patisipan fè ti gwoup kote yo pratike fasilite avèk materyèl mobilizasyon kominotè Faz 3.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Afich Faz 3, paj 52 ak Ti Pale ak Paran 1 ak 2 (paj 87 ak paj 89) pou AK oubyen materyèl ki apwopriye pou manm GAK
3:15 - 3:30	<b>Poz</b>	
3:30 - 4:15	<b>Plan Daksyon</b> <i>Fè plan pou aktivite ak lè rankont chak mwa. Pou AK yo: Kreve yon kalandriye aktivite pou mwa apre a, kote chak AK angaje tèt li pou premye aktivite li nan kominote li (se AK ki chwazi kote ak lè pou aktivite). Chwazi lè rankont chak mwa pou chak kominote, tonbe dakò epi kenbe lokal ak lè nou chwazi pou premye rankont la.</i>  <i>POU MANM GAK YO (SI POSIB): Kreve yon kalandriye aktivite ki baze sou kalandriye nòmal gwoup la; mete lè pou nou itilize Afich ak Ti Pale nan aktivite yo ak fason gwoup la kapab angaje lòt moun</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak fòmilè Plan Daksyon ki nan "Kijan Kore Tifi ap mache: Swivi ak Evalyasyon," Liv Entwodiksyon, paj 42
4:15 - end	<b>Evalyasyon ak Seremoni Klote</b>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an

## ANKADREMAN AK AK MANM GAK

Anvan Faz 3, manm Ekip ki ap ankadre AK dwe deja pran vitès kwazyè yo avèk rankont regilye an gwoup plis anpil vizit sipò pou AK yo (yon fason ki mwens entansif pou manm GAK yo). Ni manm Ekip, ni AK yo dwe kontinye ranpli fòmilè swivi ak evalyasyon, planifye kalandriye aktivite chak mwa, epi itilize bagay sa yo pou amelyore kalite aktivite yo. Pandan Faz 3 a, manm Ekip la ap pase plis tan pou ede AK yo aprann kòman yo kapab ankadre lòt manm kominote a. Se konsa mouvman pou ranfòse pouvwa tifi ap pran teren! Manm Ekip la pase plis tan tou pou ankouraje koneksyon nan kominote a, kreye opòtinite pou ranfòse ak elaji Rezo a. An menm tan, manm Ekip la ap ranfòse pwòp kapasite yo pou yo pran lapawòl ak fè pledwaye avèk divès kalite moun ak gwoup.

Kèk opòtinite pou nou bay AK ak manm GAK ankadreman nan Faz 3:

- \* Fè rankont gwoup AK youn oubyen de (2) fwa pa mwa.
- \* Manm Ekip la fè vizit sipò pou bay aktivite AK ak manm GAK ap fè jarèt.
- \* Fè preparasyon epi patisipe nan opòtinite Rezo a genyen pou li rankontre avèk lidè kominotè, moun ki bay sèvis ak moun ki se resous nan divès domèn pou kominote a.
- \* Fè rankont apre evenman enpòtan yo pou nou tire leson ak reflechi sou yo.
- \* Vizite AK ak manm GAK lakay yo, lè sa apwopriye, pou ede pote sijè yo nan yon nivo refleksyon ki pi fon e ki pi pèsònèl.



# Menntò klèb tifi

*Menntò klèb tifi yo pote nouvo kapasite dirèkteman bay tifi, pou tifi yo kapab vrè motè Kore Tifi!*

## OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 3:

**Asire menntò klèb tifi yo genyen kapasite pou yo fè tifi nan klèb yo reyalize rezilta Faz 3 pou klèb tifi, e yo kapab:**

- \* Esplike paran yo ak manm kominote a nouvo aktivite Faz 3 Kore Tifi yo.
- \* Bay tifi yo referans ki apwopriye pou resous ki nan kominote a.
- \* Esplike byen klè kontni Faz 3 a pou sis (6) sijè esansyèl klèb tifi yo.
- \* Chwazi epi fasilite aktivite pou klèb tifi ki rekòmande nan Gid pou Aktivite Klèb Tifi, (Faz 3 paj 38) avèk sipò manm Ekip la.
- \* Sèvi ak teknik patisipatif pou fè fòmasyon.
- \* Fè bon jan fasilite pou ak tout materyèl mobilizasyon kominotè Faz 3.
- \* Ranfòse kapasite manm klèb tifi yo nan sis (6) sijè klèb tifi ki mennen nan rezilta Faz 3 pou klèb tifi yo.
- \* Kanpe pou dwa tifi ansanm ak paran, lekòl plis lòt antite si gen bezwen.

## FÒMASYON MENNTÒ KLÈB TIFI

Manm Ekip la kapab fè yon seri rankont avèk menntò klèb tifi yo nan Faz 3. Chak rankont ka dire youn oubyen demi jounen. Yon fòmasyon plizyè jou pa rekòmande paske Menntò yo genyen pou yo aprann ak pratike sesyon sou sis (6) sijè klèb tifi. Yon fòmasyon sou plizyè jou youn dèyè lòt kote menntò ta gen pou aprann anpil nouvo sesyon ak sijè ta twò lou sou yo. Li kapab pi itil pou nou fè yon jounen fòmasyon chak mwa oubyen chak de (2) mwa, plis lòt sesyon fòmasyon ak pratik ant jounen fòmasyon yo si gen bezwen pou sa.

Fòmasyon menntò klèb tifi nan Faz 3 vize ranfòse kapasite menntò yo pou yo bay tifi ak manm kominote a sipò ak pou yo fè fasilite pou ak kontni sis (6) sijè klèb tifi yo. Avèk sipò manm Ekip la bay menntò yo alavans, yo kapab fasilite pifò nan sesyon fòmasyon yo. E se yon mwayen pou yo apwofondi konsepsyon yo ak mete an pratik kapasite yo pou fè fasilite pou yo. Manm Ekip la

kapab ankadre yo nan preparasyon, e menm nan similasyon alavans. (Pou yon rapèl sou fason pou bay ak resevwa fidbak, gade seksyon Bay ak Resevwa Fidbak nan Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org).) Asire nou kreye ase opòtinite ki pèmèt menntò yo fè pratik; se pou yo kapab genyen siksè nan fè fasilite pou klèb dinamik ki ap deklannche chanjman nan lavi tifi.

Pi ba a, se yon egzanp ajennda fòmasyon nou kapab itilize kòm yon gid. Ajiste li pou satisfè bezwen klèb nou. Lè nan ajennda a kalkile fason ki pèmèt nou bay fasilite yo ankourajman ak fidbak.

## MODÈL AJENNDA FÒMASYON: MENNTÒ KLÈB TIFI (FAZ 3)

### 1ye jou: Pouvwa ki genyen nan bay ak resevwa sipò

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 10:00	<b>Byenvini!</b> <i>Kreye anbyans, objektif, atant, 5minit similasyon kote menntò ap bay (yon paran, tifi, manm kominote a) esplikasyon sou Kore Tifi.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
10:00 - 10:45	<b>Pataj eksperyans ak defi nan travay aktivis</b> <i>Patisipan yo pataje eksperyans yo ak defi yo rankontre depi yo kòmanse pou rive kounye a</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
10:45 - 11:00	<b>Poz</b>	
11:00 - 12:00	<b>Men anpil, chay pa lou, ak Ranfòse pouvwa moun ki ap chèche sipò</b> <i>Jwèt ak istwa ki pèmèt echanj ant patisipan kote yo ap pratike fason yo ranfòse pouvwa moun k ap chèche sipò</i>	Modil Fòmasyon Faz Sipò SASA "Ranfòse Kapasite," disponib sou: <a href="http://repansepouvwa.org">repansepouvwa.org</a>
12:00 - 1:00	<b>Kijan nou kapab ekilibre pouvwa nou? (avèk fidbak)</b> <i>(Se menntò ki fasilite sesyon sa a)</i> <i>Sèn teyat ak echanj/diskisyon sou kijan sa ye lè de (2) moun nan yon koup byen balanse pouvwa yo</i> <i>Nan fen sesyon an patisipan yo genyen opòtinite pou yo bay fasilite a fidbak.</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 9yèm Ane, Faz 2, paj 85  Bay ak Resevwa Fidbak nan Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: <a href="http://repansepouvwa.org">repansepouvwa.org</a>

LÈ	SESYON	REFERANS
1:00 - 2:00	<b>Manje</b>	
2:00 - 2:45	<b>Kwè nan balans pouvwa (avèk fidbak)</b> <i>(Se menntò ki fasilite sesyon sa a)</i> <i>Ti brase lide tou kout pou ede patisipan yo kwè ekilib pouvwa posib</i> <i>Opòtinite pou bay fasilite a fidbak.</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 9yèm Ane, Faz 2, paj 88
2:45 - 3:00	<b>Poz</b>	
3:00 - 4:15	<b>Bay bon jan referans</b> <i>Manm Ekip la prezante enfòmasyon sou kibò ak nan ki fason pou bay tifi ki sibi vyolans, ki ansent sanzatann oubyen ki gen yon maladi moun pran nan fè bagay bon jan referans. Patisipan yo fè similasyon sou fason pou yo bay tifi nan klèb yo referans.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
4:15 - 4:30	<b>Evalyasyon ak kloti</b>	

**2yèm jou: Sijè esansyèl klèb tifi, 1 ak 2 (Pouvwa ak Kominikasyon)**

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:00	<b>Anbyans ak repriz 1ye jou</b>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:00 - 10:00	<b>Sis (6) sijè esansyèl ak objektif aprantisaj Faz 3 (Sijè 1 ak 2 : Pouvwa ak Kominikasyon)</b> <i>Revize sis (6) sijè esansyèl yo ak objektif aprantisaj pou sijè esansyèl 1 ak 2</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Objektif aprantisaj ki nan Gid pou Aktivite Klèb Tifi Faz 3 (paj 42-43)
10:00 - 11:00	<b>Ti pale ak paran 1 ak 2, Faz 3 (Sipò)</b> <i>Menntò yo patisipe pandan manm Ekip ap fasilite Ti pale ak paran 1 ak 2, Faz 3</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Ti Pale ak Paran 1 ak 2 Faz 3, paj 86
11:00 - 11:15	<b>Poz</b>	

LÈ	SESYON	REFERANS
11:15 - 12:00	<p><b>Ti pale pou paran avèk pitit yo: Moun bezwen sipò pou yo djanm (avèk fidbak)</b>  <i>(Se menntò ki fasilite sesyon an)</i>  <i>Menntò yo aprann fasilite yon ti pale pou paran avèk pitit yo. Opòtinite pou bay fasilite a fidbak.</i></p>	<p>Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Ti Pale pou Paran ak Pitit Faz 3, paj 91</p>
12:00 - 1:15	<p><b>Kapasite negosyasyon (avèk fidbak)</b>  <i>(Se menntò ki fasilite sesyon sa a)</i>  <i>Patisipan yo aprann fason pou yo negosye ak moun ki gen pouvwa. Opòtinite pou bay fasilite a fidbak.</i></p>	<p>Kourikoulòm Syans Sosyal 2yèm Ane Nouvo Segondè (Segonn), Faz 3, paj 36</p>
1:15 - 2:00	<p><b>Manje</b></p>	
2:00 - 3:00	<p><b>Aprann Di epi Tande: "NON, m p ap fè bagay" (avèk fidbak)</b>  <i>(Se menntò ki fasilite sesyon sa a)</i>  <i>Patisipan yo fè similasyon sou negosyasyon aktivite seksyèl. Opòtinite pou bay fasilite a fidbak.</i></p>	<p>Kourikoulòm Biyoloji 1yèm Ane Nouvo Segondè (3zyèm), Faz 3, paj 5</p>
3:00 - 3:15	<p><b>Poz</b></p>	
3:15 - 4:15	<p><b>Plan Daksyon - Pouvwa ak Kominikasyon</b>  <i>Manm Ekip ak menntò fè Plan Daksyon pou fè pratik fasilite oubyen pou entegre lòt sesyon ki te rekòmande nan de (2) premye sijè esansyèl yo</i></p>	<p>Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Gade Sid pou Aktivite Klèb Tifi Faz 3 (paj 42-paj 43) pou lòt sesyon ak lide pou nou entegre nan Plan Daksyon.</p>
4:15 - 4:30	<p><b>Evalyasyon ak kloti</b></p>	

### 3yèm jou: Sijè esasyèl klèb tifi, 3 ak 4 (Lidèchip ak Zanmitay, Finans)

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:00	<b>Anbyans ak repriz 2yèm jou</b>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:00 - 10:00	<b>Objektif aprantisaj pou sijè esansyèl 3 ak 4 (Lidèchip ak Zanmitay, Finans) Faz 3</b> <i>Revize objektif aprantisaj pou sijè esansyèl 3 ak 4</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Objektif aprantisaj ki nan Gid pou Aktivite Klèb Tifi Faz 3 (paj 44 – paj 45)
10:00 - 10:45	<b>Kijan pou nou chèche bon modèl</b> <i>Patisipan yo diskite ansanm sou fason pou yo idantifye epi apwoche moun ki se bon modèl</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 2yèm Ane Nouvo Segondè (Segonn), Faz 3, paj 41
10:45 - 11:00	<b>Poz</b>	
11:00 - 12:00	<b>Qui Peut se Faire un Bon Ami (avèk fidbak)</b> <i>(Se menntò ki fasilite sesyon sa a)</i> <i>Sesyon patisipatif sou zanmitay ki sèvi avèk yon nouvo estil liv fòmasyon. Opòtinite pou bay fasilite a fidbak.</i>	Population Council. Manuel de Formation: Droits des Adolescentes et Compétences en Vie Courante, page 163-164 <sup>2</sup> disponib sou <a href="http://repansepouvwa.org">repansepouvwa.org</a>
12:00 - 1:15	<b>Fè ekonomi ak prete lajan nan kominote a (avèk fidbak)</b> <i>(Se menntò ki fasilite sesyon sa a) Opòtinite pou bay fasilite a fidbak.</i>	Gid Aktivite Sou Zafè Edikasyon Finansyèl Pou Ti Jèn Fi Adolèsan, sesyon 1.6 <sup>3</sup> disponib sou: <a href="http://repansepouvwa.org">repansepouvwa.org</a>
1:15 - 2:00	<b>Manje</b>	
2:00 - 3:00	<b>Planifikasyon pou Si Genyen yon ljan (avèk fidbak)</b> <i>(Se menntò ki fasilite sesyon sa a) Opòtinite pou bay fasilite a fidbak.</i>	Gid Aktivite Sou Zafè Edikasyon Finansyèl Pou Ti Jèn Fi Adolèsan, session 1.8 <sup>4</sup> disponib sou <a href="http://repansepouvwa.org">repansepouvwa.org</a>
3:00 - 3:15	<b>Poz</b>	
3:15 - 3:45	<b>Ti komik Jesika No. 2</b> <i>Menntò fè similyasyon ak ti komik Jesika n° 2, yo kapab fasilite li nan klèb tifi tou kòm yon aktivite sou sijè Finans oubyen Vyolans Opòtinite pou bay fasilite a fidbak.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Ti Komik Jesika, Faz 3 paj 57

LÈ	SESYON	REFERANS
3:45 - 4:15	<b>Plan Daksyon – Lidèchip ak Zanmitay, Finans</b> <i>Manm Ekip ak menntò fè Plan Daksyon pou fè pratik fasilite oubyen pou entegre lòt sesyon ki te rekòmande nan de (2) dezyèm sijè esansyèl yo.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Gade Gid pou Aktivite Klèb Tifi Faz 3 (paj 44-45) pou lòt sesyon ak lide pou nou entegre nan Plan Daksyon

4:15 - 4:30	<b>Evalyasyon ak kloti</b>	
-------------	----------------------------	--

#### 4yèm jou: Sijè esansyèl klèb tifi, 5 ak 6 (Sante Tifi ak Anpeche Vyolans)

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:00	<b>Anbyans ak repriz 3yèm jou</b>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:00 - 10:00	<b>Repriz objektif aprantisaj pou sijè 5 ak 6, Faz 3 (Sante Tifi ak Anpeche Vyolans)</b> <i>Jwèt ak analiz manm Ekip sou objektif aprantisaj sijè 5 ak 6 klèb tifi</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Objektif pou aprantisaj nan Gid pou Aktivite Klèb Tifi, Faz 3, (paj 46- 48)
9:30 - 10:45	<b>Ti Koze sou Lasante 1 – 2, Faz 3</b> <i>Menntò yo fasilite Ti Koze sou Lasante Faz 3. Yo sou anpeche kadejak ak mete limit</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Ti Koze sou Lasante Faz 3, paj 63
10:45 - 11:00	<b>Poz</b>	
11:00 - 12:00	<b>Metòd pou anpeche moun fè pitit san preparasyon (avèk fidbak)</b> <i>(Se menntò ki fasilite sesyon sa a)</i> <i>Patisipan yo aprann sou zafè planin familyal ak kote pou yo jwenn plis enfòmasyon sou sa Opòtinite pou bay fasilite a fidbak.</i>	Kourikoulòm Biyoloji 1yè Ane Nouvo Segondè (3zyèm), Faz 3, paj 10
12:00 - 1:15	<b>Swen sante apre yon zak vyolans</b> <i>Patisipan yo fè similasyon kote yo ap bay referans pou sèvis sante moun bezwen apre yo sibi vyolans nan kay oubyen vyolans seksyèl</i>	Kourikoulòm Biyoloji 1yè Ane Nouvo Segondè (3zyèm), Faz 3, paj 23

LÈ	SESYON	REFERANS
1:15 - 2:00	<b>Manje</b>	
2:00 - 3:00	<b>Fè pratik ak Afich Faz 3 (Sipò)</b> <i>Fasilitatè yo fè demonstrasyon ak Afich Faz 3. Apre sa, patisipan yo fè pratik nan ti gwoup</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Afich Faz 3, paj 52
3:00 - 3:15	<b>Poz</b>	
3:15 - 4:15	<b>Plan Daksyon – Sante tifi ak Anpeche Vyolans</b> <i>Manm Ekip ak menntò fè Plan Daksyon pou fè pratik fasilitasyon oubyen pou entengre lòt sesyon ki te rekòmande nan de (2) dènye sijè esansyèl yo.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Pou lòt sesyon/lide ki pou entegre nan Plan Daksyon an, gade Gid pou Aktivite Klèb Tifi, Faz 3, paj 46- 48.
4:15 - end	<b>Evalyasyon ak seremoni kloti</b>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an

## ANKADREMAN MENNTÒ KLÈB TIFI

Kòm kapasite ak pouvwa tifi kòmanse ogmante, kalite sipò menntò yo bezwen kapab kòmanse chanje tou. Tifi nan klèb yo kapab kòmanse konte mwens sou menntò yo pandan yo konte plis sou youn lòt moun yo fè konfyans nan kominote a. Kalte tranzisyon konsa kapab difisil pou menntò yo ki petèt te reprezante prensipal modèl pou anpil nan tifi yo. Menntò yo pral benefisye anpil si ankadrè ba yo sipò pou yo patisipe nan devlopman estrikti sosyal ki bay tifi sipò. Lè nou ede menntò yo devlope kontak avèk manm kle kominote a epi nou angaje yo nan nouvo entèvansyon tankou: envite yo pale nan panèl oubyen nan reyinyon klèb tifi, sa pral pèmèt yo genyen siksè nan wòl yo nan Faz 3.

Kòm Faz 3 se yon peryòd kritik pou devlopman kapasite ak lidèchip tifi yo, manm Ekip kapab bezwen fè vizit sipò pi souvan nan klèb tifi yo pou menntò yo kapab jwe wòl yo pi byen. E menntò yo kapab bezwen lòt kalte sipò tou. Pandan vizit yo, manm Ekip ki ap fè swivi ak evalyasyon kapab bay menntò yo ankourajman pandan yo ap bay fidbak. Yo kapab bay sipò tou nan ranpli fòm pou swivi jan yo te fè sa nan vizit kominotè nan Faz anvan yo (gade "Kijan Kore Tifi ap mache? Swivi ak Evalyasyon," Liv Entwodiksyon, paj 38).

Menm jan ak nan Faz anvan yo, nan zafè ankadreman, li enpòtan pou nou byen chwazi ki manm Ekip nou ap mete ak ki menntò. Kèk opòtinite pou ankadreman menntò nan Faz 3:

- \* Vizit manm Ekip pou konvèsasyon youn a youn ak menntò.
- \* Rankont youn fwa pa mwa oubyen de (2) fwa pa mwa ak tout menntò ansanm pou ranfòsman kapasite, planifikasyon rankont ak patisipasyon nan sesyon fòmasyon.
- \* Nan bay menntò yo sipò pou yo prepare sesyon fòmasyon yo pral fasilite.
- \* Nan vizit sipò manm Ekip nan chak klèb tifi omwen chak twa (3) mwa, e plis si gen bezwen pou sa.
- \* Nan fasilite patisipasyon menntò nan opòtinite Rezo a ofri pou rankontre lidè kominotè, moun ki bay kèk sèvis nan kominote a ak moun ki se resous enpòtan pou kominote a.
- \* Nan travay ansanm pou pèmèt moun ki se resous enpòtan pou kominote a vin pale nan klèb tifi yo.
- \* Ti rankont regilye, enfòmèl ant menntò ki viv pre kòm youn sistèm sipò ak pataj eksperyans menm si se san prezans manm Ekip.



# Pwofesè

*Pwofesè ranfòse kapasite elèv pou gen ekilib pouvwa nan pwochen jenerasyon an!*

## OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 3:

**Asire pwofesè yo genyen kapasite pou pèmèt elèv yo reyalize rezilta Faz 3 yo, epi yo kapab:**

- \* Fasilite pati nan Kourikoulòm Faz 3 ki pou klas ak matyè yo.
- \* Refere elèv pou yo jwenn resous ki apwopriye nan kominote a si yo sibi vyolans, si yo gen VIH/SIDA, lòt viris moun pran nan fè bagay oubyen tou si yo ansent.

## FÒMASYON PWOFESE

Fòmasyon Faz 3 vize prepare pwofesè 1ye ak 2yèm Ane Nouvo Segondè (3zyèm ak Segonn) pou yo sèvi ak kourikoulòm *Kore Tifi*. Fòmasyon an genyen sitou sesyon pratik. Se manm Ekip ki kowòdone fòmasyon an men se pwofesè ki fasilite li. Pwofesè Syans Sosyal, Byoloji ak Fransè pral kòmanse sèvi ak kourikoulòm Faz 3 *Kore Tifi*. Pandan tan sa a, Pwofesè 7yèm, 8yèm ak 9yèm Ane pral kontinye sèvi nan klas avèk Faz 2 Kourikoulòm nan, jan yo te fè sa deja. Nan kèk lekòl, pwofesè klas 7yèm, 8yèm ak 9yèm Ane ap menm pou 1ye ak 2yèm Ane Nouvo Segondè. Nan lòt lekòl, yo p ap menm.

Pwofesè 1ye ak 2yèm Ane Nouvo Segondè ki ap sèvi avèk Kourikoulòm *Kore Tifi* pou premye fwa pral bezwen sipò an plis, jan sa prezante nan seksyon pi ba a "Ankadreman Pwofesè". Yo kapab bezwen fè plis pratik tou pase pwofesè ki te deja travay ak Faz 2 kourikoulòm nan. Pou yon esplikasyon sou ki moun ki sèvi ak kourikoulòm nan, gade "Entwodiksyon Kourikoulòm *Kore Tifi*" nan Faz 2, imedyatman anvan liv kourikoulòm yo.

## Konsèy enpòtan

- \* Divize pwofesè yo dapre matyè yo anseye—Syans Sosyal, Biyoloji ak Fransè—epi rankontre chak gwoup apa.
- \* Chak pwofesè ki ap patisipe nan pwosesis la dwe resevwa yon liv nan kourikoulòm nan pou matyè ak klas li anseye.
- \* Li kapab difisil pou nou fè fòmasyon entansif oubyen fòmasyon ki dire plizyè jou pou pwofesè pandan jou lekòl regilye. Donk, manm Ekip la kapab bay pwofesè sipò pou preparasyon endividyèl. Apre, pwofesè ap fè pratik an gwoup ki monte dapre matyè yo anseye pandan wikenn, jou konje, vakans oubyen nenpòt lè ki bon pou yo.

### ETAP

Kèk lide ki pou ede nou estriktire fòmasyon pou pwofesè nan Faz 3:

- 1) **Distribiye sesyon:** Fè lis tout sesyon ki nan Faz 3 kourikoulòm nan pwofesè bezwen pratike nan chak matyè. Envite pwofesè 1ye ak 2yèm Ane Nouvo Segondè (3zyèm ak Segonn) ki enplike nan pwosesis la pou yo chwazi ak aprann fasilite sesyon espesifik dapre matyè yo anseye. Pwen fokal yo kapab bay manm Ekip la sipò nan planifikasyon epi ede chwazi sesyon ki pi apwopriye pou pwofesè yo ak kontèks la an jeneral. Ekri non chak pwofesè ak chak sesyon pwofesè a reskonsab pou li fasilite. Asire tout sesyon yo parèt nan kalandriye e pwofesè pral fasilite yo oubyen manm Ekip la pral prezante yo.
- 2) **Devlope ajennda pou fòmasyon:** Negosye ak chak gwoup pwofesè pou jwenn dat k ap pi bon pou yo konsakre yon demi-jounen oubyen yon jounen pou yo pratike sesyon yo. Baze sou rezilta ki soti nan negosyasyon dat ak pwofesè yo, devlope yon ajennda fòmasyon pou chak gwoup dapre lis nou te kreye nan premye etap la. Li enpòtan pou nou mete yon sesyon entwodiksyon sou kourikoulòm nan an jeneral e se manm Ekip ki pou fasilite li. Pou bay egzanp, manm Ekip la ap fasilite pou pi piti yon sesyon nan kourikoulòm nan tou. Nou kapab bezwen planifye plizyè demi-jounen oswa jounen pou pwofesè chak matyè jwenn chans fè pratik nan fasilite sesyon ak aprann kontni ki mache ak sesyon yo. Pataje ajennda pou fòmasyon an alavans avèk pwofesè, pwen fokal.
- 3) **Bay pwofesè sipò youn a youn pou fè preparasyon.** Li enpòtan pou manm ekip la ede pwofesè yo konprann kijan liv kourikoulòm nan ak gid pou sesyon yo mache, fason pou yo sèvi avèk liv plis gid pou prepare sesyon. Manm Ekip kapab rankontre ak pwofesè youn a youn pou regade sesyon espesifik avèk yo, esplike yo fason pou yo sèvi avèk gid pou sesyon yo epi asire yo genyen ase konpreyansyon ak materyèl nesèsè pou yo fasilite sesyon yo genyen.

- 4) **Prepare lojistik pou fè pratik ak sesyon.** Asire nou genyen lokal, materyèl, founiti ak manm Ekip pou bay sipò ki nesèsè pou nou fè sesyon pratik.
- 5) **Pratike sesyon an gwoup.** Envite pwofesè chak gwoup vin fè pratik ak sesyon yo dapre kalandriye ki te tabli a. Mete aksan sou wòl kapital pwofesè jwe nan pwosesis chanjman elèv. Nou kapab swiv ajennda a pou nou bay chak pwofesè opòtinite pou fè pratik ak sesyon li te genyen. Lòt pwofesè ak manm Ekip la ki nan sal la pral jwe wòl elèv pou repwodwi anviwonman yon sal klas nòmal. Apre chak sesyon, asire nou kite opòtinite pou patisipan bay fasilite a ankourajman ak fidbak. Asire nou bay fidbak ki restriktif pandan nou ap demontre respè pou chak pwofesè ak onè pou eksperyans yo. Nou kapab mande yo reflechi tou sou adaptasyon ki kapab nesèsè pou konfigirasyon sal klas yo travay. Mande pwofesè yo brase lide oubyen fè similasyon, si sa nesèsè, sou fason yo ta chwazi pou yo evalye sa elèv aprann nan chak sesyon.

### Gade devan

Nan fen Faz 3 a, nou kapab kòmanse prepare pou Faz 4 nan reyalizasyon fòmasyon pou pwofesè 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè (Reto ak Filo), avèk kontni Faz 4. Nan kèk ka, se menm pwofesè nou te travay avèk yo deja. Ap genyen nouvo pwofesè tou. Si genyen pwofesè ki poko fè konesans ak kourikoulòm *Kore Tifi*, nou kapab envite yo fè obsèvasyon nan klas ki deja ap sèvi ak Faz 2 oubyen Faz 3 kourikoulòm nan, pou ede yo prepare tèt yo epi konprann kontni ki vini anvan yo.

## ANKADREMAN PWOFESE

Nan Faz 3, ankadreman vize ranfòse kapasite pwofesè pou bay elèv sipò ak kreye yon anviwonman pozitif nan lekòl pandan pwofesè yo ap travay nan klas 1ye ak 2yèm Ane Nouvo Segondè avèk dokiman Faz 3 kourikoulòm nan. Li kapab itil, nan kòmansman Faz 3 a, pou nou reevalye patenarya pou ankadreman ki te fèt avèk pwofesè yo (ki manm k ap ankadre ki pwofesè). Pwofesè ki bezwen plis sipò kapab sila yo ki nouvo nan pwosesis la (1ye ak 2yèm Ane Nouvo Segondè) oubyen se kapab pwofesè ki te deja enplike nan pwosesis la. Fè tout ajisteman ki nesèsè pou genyen ankadrè ki pi byen reponn bezwen pwofesè yo epi, asire manm Ekip konnen kiyès yo reskonsab pou ankadre nan Faz sa a.

Kèk opòtinite pou ankadreman nan Faz 3:

- \* Vizit sipò regilye manm Ekip la (e pafwa pwen fokal) nan sal klas lè pwofesè ap fè sesyon *Kore Tifi*. Remak: Se prensipal fòm ankadreman pou pwofesè yo.
- \* Bay pwofesè yo ankourajman pou yo patisipe nan aktivite pwen fokal ap fè nan lekòl yo.
- \* Fè aranjman pou pwofesè fè kontak avèk moun kle nan zafè resous kominote a pou referans ak pou preparasyon pwojè sèvis ki rekòmande nan Faz 4 Kourikoulòm nan.
- \* Bay pwofesè envitasyon pou yo patisipe nan tout opòtinite Rezo a ofri pou rankontre lidè kominotè, moun ki bay sèvis ak moun ki se resous pou kominote a.

# Pwen fokal nan lekòl

*Pwen fokal bay elèv, pwofesè ak paran sipò pou yo sèvi ak pouvwa pozitif, pou yo kwape vyolans nan lekòl. Pandan pwofesè ap mete atansyon yo sou chanjman anndan klas yo travay, pwen fokal kreye opòtinite pou pèmèt pouvwa tifi pran pye apati travay yo fè ak tout antite ki prezan nan lekòl la.*

## OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 3:

**Asire pwen fokal yo genyen kapasite pou yo fè tout aktè ki enplike nan lekòl reyalize rezilta Faz 3 yo, e yo kapab:**

- \* Esplike paran ak manm kominote a aktivite Faz 3 yo.
- \* Bay elèv yo referans apwopriye pou jwenn nan kominote a resous apwopriye oka yo sibi vyolans, yo pran VIH/SIDA, lòt viris moun pran nan fè bagay oubyen tou si yo ansent.
- \* Travay avèk manm Ekip la pou chwazi ak fasilite aktivite mobilizasyon kominotè Faz 3 yo.
- \* Bay elèv ak manm pèsònèl sipò pou balanse pouvwa nan relasyon yo ak nan kominote yo.
- \* Devlope kapasite yo pou ranfòse pwosedi nan lekòl yo ki pèmèt bon jan swivi fèt lè gen rapò sou ka abi seksyèl.

## FÒMASYON PWEN FOKAL

Pa genyen fòmasyon espesifik pou pwen fokal nan Faz 3. Olye fòmasyon, sesyon ranfòsman kapasite kapab fèt pandan rankont regilye ak nan ankadreman. Sesyon sa yo se sitou sesyon pratik ak materyèl mobilizasyon Faz 3. Li kapab itil pou nou envite pwen fokal yo patisipe nan fòmasyon Faz 3 ki fèt pou AK ak manm GAK. Si sa pa posib, kèk sesyon fòmasyon kapab fèt pandan rankont regilye yo. Sèvi ak kontni nou kwè ki ap ede pwen fokal yo reyalize travay yo pi byen nan Faz 3 (gade kontni ki nan Modèl ajennda dokiman sa a).

## ANKADREMAN PWEN FOKAL

Rankont chak mwa, se toujou prensipal aktivite ankadreman pou pwen fokal yo. Rankont sa yo bay opòtinite pou fè pratik ak materyèl mobilizasyon kominotè Faz 3, pataje eksperyans, kreye bon jan kontak ak lidè lekòl pou genyen kalandriye aktivite pou mwa k ap vini yo. Nan Faz 3, manm Ekip la kapab ede pwen fokal yo ranfòse kapasite yo pou devlope pwotokòl pou prevansyon ak repons kont vyolans nan lekòl epi fè kontak nan kominote a ki bay plis prezizyon pou referans, e ki pèmèt elèv jwenn sèvis kominote a ofri ak plis fasilite. Nan Faz sa a, pwen fokal kapab jwe yon pi gwo wòl nan bay lòt moun nan lekòl la ankadreman, nan ede pwofesè fè kontak nan kominote a, e menm nan ede pwofesè fasilite sesyon nan klas yo nan moman ki apwopriye pou sa.

An plis rankont regilye chak mwa yo, men kèk opòtinite pou ankadreman nan Faz 3:

- \* Vizit sipò nan aktivite pwen fokal.
- \* Patisipasyon nan evenman Rezo a pou rankontre lidè kominotè, moun ki bay sèvis ak moun ki se resous pou kominote a.
- \* Koneksyon ant pwen fokal avèk AK plis lòt manm Rezo pou ranfòse travay k ap fèt nan lekòl la ak kominote a.
- \* Rankont apre gwo evenman pou gade jan sa te pase ak fè refleksyon.
- \* Vizite pwen fokal yo lakay yo, lè sa apwopriye, pou ede pote sijè yo nan yon nivo refleksyon pi fon, pi pèsònèl.

Kòm se moun ki fòme Rezo a, plen lòt opòtinite pou amizman, echanj, devlopman pèsònèl ak koneksyon pami manm Rezo a! Kite kreyativite nou travay!

## Dènye mo

Aktivite fòmasyon ak ankadreman ki prezante nan dokiman sa a, yo enpòtan pandan tout dewoulamn Faz 3 a! Sonje analize pwogrè nou ap fè regilyèman pandan nou ap pote atansyon sou objektif aprantisaj chak gwoup, ak Rezilta Faz 3 yo. Jwenn lajwa nan moman ki prezante bon opòtinite pou avansman pandan travay aktivis pou pouvwa tifi ap vanse!

## Nòt

1. MICHAU, L., SIEBERT, S. & DESSABLES, J.L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Depo Legal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: Raising Voices (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.
2. POPULATION COUNCIL. (2009). *Manuel de Formation: Droits des Adolescentes et Compétences en Vie Courante*. New York: Population Council.
3. MAKING CENTS INTERNATIONAL, SAVE THE CHILDREN, AMERICARES, *Haiti Adolescent Girls Network*. (July 2011). *Gid Aktivite Sou Zafè Edikasyon Finansyè Pou Ti Jèn Fi Adolessan*.
4. Ibid.

# GID AKTIVITE POU KLÈB TIFI FAZ 3 (SIPO)





Apre aktivite Faz 1 ak Faz 2 yo, pouvwa tifi ap ranfòse toudousman; e, nou rive pi byen konnen tifi ki nan chak klèb. Dokiman sa a fèt pou ede Ekip Kore Tifi ak menntò yo chwazi aktivite ki pi apwopriye pou klèb yo nan Faz 3. Sonje klèb tifi ak pwosesis mobilizasyon kominotè nan Faz 3 ap ede tifi reyalize rezilta sa yo:

**Rezilta: Tifi** genyen **kapasite** sa yo:

- \* Kapab chèche sipò e kapab gide yon zanmi oubyen yon lòt tifi pou jwenn sipò si zanmi oswa lòt tifi a sibi yon zak vyolans.
- \* Kapab idantifye yon 'espas san danje' nan kominote yo.
- \* Kapab di 'non' lè yo pa vle yon aktivite seksyèl.
- \* Kapab chèche zanmi fi ki p ap viv nan menm kay avèk yo.
- \* Kapab chèche yon pèsonaj fanm nan kominote a si yo ap fè fas ak nenpòt kalte pwoblèm oubyen si yo genyen nenpòt kalte sousi.
- \* Kapab kominike avèk paran yo sou enpòtans pou yo kontinye ale lekòl.

Pou ede tifi yo reyalize rezilta sa yo, nou pral fè divès aktivite avèk yo. Aktivite sa yo toujou baze sou menm sis (6) sijè prensipal pou aktivite nan Faz 2 a ki se:

- \* Pouvwa
- \* Kominikasyon
- \* Lidèchip ak zanmitay (*Remak: sa genyen ladan li presyon zanmi ak estim pou pwòp tèt ou*)
- \* Finans
- \* Sante tifi
- \* Vyolans

Dokiman sa a prezante sa nou ta renmen tifi yo aprann sou chak sijè nan Faz 3, ansanm avèk aktivite ki kapab ede yo rive la. Nou kapab jwenn aktivite yo swa nan dokiman *Kore Tifi* oubyen nan lòt resous nou site e ki disponib sou entènèt.



Menm lè aktivite Faz 2 dwe sèvi kòm baz pou aktivite Faz 3, li posib kapab genyen kèk chanjman onivo manm klèb yo paske tifi konn deplase oubyen reyalite a konn chanje. Donk, li enpòtan pou nou ede tifi ki fèk entegre klèb yo aprann sa nou te wè sou sijè yo anvan yo te rejwenn klèb yo; epi bay tifi ki te la deja wòl pou yo ede sila ki fèk vini yo konprann sa ki te devlope nan sijè yo. Posibilite pou tifi ede lòt tifi aprann sou yon sijè san yo pa rabese sila ki ap aprann yo, se yon mwayen ekstraòdinè pou devlope kapasite tifi ak prepare yo kòm aktivis pouvwa tifi.

Se menntò yo ak Ekip Kore Tifi ki pou deside ki aktivite nan chak sijè ki ap pi konfòm pou ede tifi yo devlope atou ak reyalize rezilta, nan chak klèb e pou chak Faz. Sonje gen aktivite ki pi apwopriye pou tifi 10 – 14 lane, pandan genyen lòt ki pi byen mache pou tifi 15 – 19 lane. Akoz matirite ak devlopman tifi varye selon divès faktè, anpil otè nan mond la pa mansyone laj tifi nan kourikoulòm yo ekri pou tifi. Kòm Ekip Ekip Kore Tifi ak menntò yo konnen tifi nan klèb yo, yo kapab chwazi ki aktivite ki pi konfòm pou yo!


Nan chwazi aktivite yo, toujou sonje:

- \* Fè aktivite yo fason pou yo genyen vi ak pou tifi yo ankouraje patisipe, konsa yo pral toujou vle vini nan klèb yo;
- \* Kontinye angaje paran yo ak lòt moun nan kominote a pou yo toujou ankouraje patisipasyon tifi nan klèb yo;
- \* Byen analize aktivite yo anvan nou chwazi, se pou nou kapab asire yo konfòm avèk klèb nou.

Lè n ap chwazi aktivite, menntò yo kapab vle refè egzèsis sou atou ki enpòtan pou tifi yo nou te fè nan Faz 1. Se pou nou kapab asire nou rezilta yo ajou pou priyorite aktyèl yo plis reyalite tifi nan klèb yo. Pou yon rafrechi memwa sou fason pou nou fè aktivite sa a, gade Faz 1 Kore Tifi (paj 40).

### Resous ki enpòtan pou klèb tifi an Ayiti

Kontni ki la pou klèb tifi toujou ap ogmante gras ak òganizasyon k ap kreye nouvo zouti chak jou. Si nan youn nan sijè yo nou santi tifi yo pa reyalize rezilta Faz 3 a, oubyen yo pa rive devlope atou yo bezwen yo, nou kapab jwenn lòt aktivite an kreyòl oubyen an fransè! Konsilte kourikoulòm Rezo Aksyon Pou Fi Ayisyen (HAGN) sou [www.haitigirlsnetwork.org/trainingmaterials2016](http://www.haitigirlsnetwork.org/trainingmaterials2016) oubyen paj resous Pwogram Repanse Pouvwa Beyond Borders pou aktivite klèb tifi sou [www.repansepouvwa.org](http://www.repansepouvwa.org). Paj sa a ajou chak fwa nouvo zouti ak resous vin disponib.



### Sonje! Itilizasyon kourikoulòm Kore Tifi nan Klèb Tifi

Anpil sesyon nan kourikoulòm *Kore Tifi* pou lekòl kapab itil nan klèb tifi. Sonje: genyen kèk bagay nou kapab fè pou asire sesyon yo byen adapte. Premyeman, pa okipe seksyon ki sijere tranzisyon pou antre ak soti nan tèks ki nan liv lekòl. Jis lanse sesyon yo apati seksyon “Etap”. Dezyèmman, nou kapab bezwen fè kèk ti chanjman onivo langaj pandan nou ap mennen sesyon yo tankou, rele tifi yo patisipan olye elèv. Avèk kèk ti ajisteman tou piti, yon bonkou nan materyèl rich sa a byen adapte pou klèb tifi, e li fasil pou nou jwenn nan *Kore Tifi*.

## Sijè 1: Pouvwa

Pandan n ap travay pou tifi ogmante pouvwa yo nan kominote a, li itil pou tifi yo devlope kapasite k ap pèmèt yo mete pouvwa yo ansanm ak pouvwa lòt moun nan fason pozitif.

Nan Faz 3, menntò yo kapab ede tifi nan klèb yo devlope kapasite pi ba yo ki gen rapò ak pouvwa:

- \* Fason pou devlope solidarite avèk lòt tifi.
- \* Fason pou devlope relasyon kote pouvwa byen balanse, san fòs kote.



### AKTIVITE NOU REKÒMANDE:

*Pou nou ranfòse kapasite tifi sou sijè pouvwa, nou kapab sèvi ak aktivite sa yo:*

- \* Kijan nou kapab ekilibre pouvwa nou? (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi 9yèm Ane, Faz 2 paj 85)
- \* Kwè nan balans pouvwa (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi 9yèm Ane, Faz 2 paj 88)
- \* Ti Pale ak Paran 1 ak 2 (gade paj 87 ak 89), plis Ti Pale pou Paran ak Pitit yo: Moun bezwen sipò pou yo djanm (paj 91).  
*Remak: Menntò yo kapab patisipe nan Ti Pale ak Paran 1 ak 2, e apati de sa, aprann fasilite Ti Pale pou Paran ak Pitit yo: Moun bezwen sipò pou yo djanm.*
- \* Ti Pale ak Paran 5 ak 6 (gade Kore Tifi paj 98 ak 100), plis Ti pale pou Paran ak Pitit yo: Kore timoun pou yo vin aktivis pouvwa tifi! (paj 102).  
*Remak: Menntò yo kapab patisipe nan Ti Pale ak Paran 5 ak 6, e apati de sa, aprann fasilite Ti Pale pou Paran ak Pitit yo: Kore timoun pou yo vin aktivis pouvwa tifi!*
- \* Men anpil, chay pa lou (gade *SASA!* Faz Sipò Modil Fòmasyon Ranfòse Kapasite, [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org))
- \* *SASA!* Ranfòse pouvwa moun ki ap chèche sipò (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi 1ye ak 2yèm Ane Nouvo Segondè, paj 44).

## Sijè 2: Kominikasyon

Nan Faz 3, tifi yo devlope kapasite nan kominikasyon ki pèmèt yo pale pou moun tande yo nan divès kontèks, soti nan dyalòg youn a youn rive nan pale devan gwoup moun. Tifi yo kontinye pratike teknik kominikasyon yo aprann nan rankont avèk lòt klèb tifi ak nan aktivite *Kore Tifi*. Kontinye mande tifi yo fasilite ak modere sesyon nan klèb yo, ankouraje yo eksprime tèt yo nan klèb yo, epi ede yo aprann rezoud konfli paske konn gen konfli pami tifi.

Nan Faz 3, menntò yo kapab ede tifi yo devlope kapasite kominikasyon sa yo:

- \* Fason pou negosye sou sa yo vle ak sa yo pa vle (egzanp: di non lè yo pa vle fè bagay, negosye ak paran yo pou yo kontinye ale lekòl, elatriye).
- \* Fason pou yo fè ekout aktif nan objektif pou yo bay lòt moun bon jan sipò.

### AKTIVITE NOU REKÒMANDE:

*Pou nou ranfòse kapasite tifi sou sijè kominikasyon, nou kapab sèvi ak aktivite sa yo:*

- \* Kapasite kominikasyon (gade kourikoulòm Syans Sosyal *Kore Tifi*, 1ye ak 2yèm Ane Nouvo Segondè, paj 13).
- \* Aprann Di epi Tande: "NON, m p ap fè bagay" (gade kourikoulòm Biyoloji *Kore Tifi* 1ye Ane Nouvo Segondè, paj 5).
- \* *SASA* sesyon: **1.** Moun ki bezwen sipò nan koze vyolans sou fanm ak VIH/SIDA, **2.** Konprann lawont **4.** Konprann tach move non (gade *SASA* Faz Sipò Modil Fòmasyon Ranfòse Kapasite, [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org)).



## Sijè 3: Lidèchip ak zanmitay

Zanmitay ak aprann fason pou devlope lidèchip pozitif, se de bagay ki kenbe tifi an sekirite e ki pèmèt yo devlope lavwaochapit yo ak santiman sou chanjman yo kapab fè. Tifi kapab genyen gwo lidèchip nan klèb tifi yo menm apati devouman yo nan planifikasyon reyinyon, ladrès ak kapasite yo nan fasilite sesyon, ak nan pran wòl lidèchip pou òganize pandan kapasite yo ap devlope.

Nan faz 3, menntò yo kapab ede tifi yo devlope kapasite pi ba yo sou lidèchip ak zanmitay:

- \* Fason pou idantifye ak chèche moun ki kapab jwe wòl modèl pou yo.
- \* Fason pou chèche zanmi fi ki kapab bay sipò.
- \* Fason pou chèche sipò kominotè (egzanp: granmoun ki pozitif, espas san danje, elatriye).

### AKTIVITE NOU REKÒMANDE:

*Pou nou ranfòse kapasite tifi sou sijè lidèchip ak zanmitay, nou kapab sèvi ak aktivite sa yo:*

- \* Kijan pou nou chèche bon modèl (gade kourikoulòm Syans sosyal Kore Tifi 1ye ak 2yèm Ane Nouvo Segondè, paj 41).
- \* Egzèsis sou kat sosyal sekirite tifi. *Remak: Nou pral revize kat la pou nou mete li ajou apati reyalyte aktyèl kominote a, epi ede tifi yo idantifye espas ki prezante sekirite pou yo.* (Gade "Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi", Faz 1 paj 36).
- \* Sesyon 3: "Les relations d'amitié avec ses pairs et avec l'entourage" *Manuel de Formation: Droits des Adolescentes et Compétences en Vie Courante*, paj 155-166. (Gade Population Council 2009 an ba nan dokiman sa a, li disponib tou sou [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org))
- \* Nouvo lide pou aktivite! Envite fanm ki ap egzèse pwofesyon tifi yo ka pa souvan wè fanm ap egzèse nan kominote pa yo, pou pale ak tifi yo sou opsyon ak karyè. Oubyen planifye yon tan pou mennen tifi yo al vizite fanm sa yo nan espas travay yo, nan yon dat ak lè ki bon ni pou medam yo, ni pou tifi yo. Mande tifi yo prepare kesyon pou yo poze tankou, kisa medam yo te bezwen etidye pou yo kapab antre nan djòb yo, kisa yo renmen nan travay yo ap fè, plis lòt aspè nan eksperyans yo akoz yo se pwofesyonèl fanm. Kontak dirèk konsa kapab enpòtan anpil nan ede konstwi pouvwa tifi ak ede yo idantifye resous sosyal nan kominote yo.



## Sijè 4: Finans

Lè tifi genyen kapasite de baz sou zafè lajan, bidjè ak finans, sa pèmèt yo genyen bon jan pouvwa nan pwòp lavi yo.

Nan Faz 3, menntò yo kapab ede tifi yo devlope kapasite pi ba yo ki gen rapò ak finans:

- \* Fason yo kapab fè lajan san yo pa tonbe nan move sitiyasyon.
- \* Fason yo kapab fè ekonomi pou lè yo genyen ijans.
- \* Fason yo kapab fè yon bidjè ak yon plan finans.



### AKTIVITE NOU REKÒMANDE:

*Pou nou ranfòse kapasite tifi sou sijè finans, nou kapab sèvi ak aktivite sa yo:*

- \* *Ti Komik Jesika No. 2 (gade Kore Tifi paj 57).  
Remak: Resous sa a site pou sijè Vyolans tou. Sa kapab pran 2 sesyon pou tout klèb la selon diskisyon yo.*
- \* *Gid Aktivite Sou Zafè Edikasyon Finansyè Pou Ti Jèn Fi Adolèsan, sesyon 1.5-1.9, sou fè yon bidjè, ekonomi, prè, planifikasyon pou ka ijans, ak jounal finans, paj 16-35 (gade Making Cents International 2011 or HAGN 2016 nan fen dokiman sa a, li disponib tou sou [repansepowvwa.org](http://repansepowvwa.org)).*

## Sijè 5: Sante Tifi

Kapasite pou rete an sante ak pou jwenn resous ki lye ak sante, sa enpòtan anpil pou ede tifi rete an sante ak an se kirite.

Nan Faz 3, menntò yo kapab ede tifi yo devlope kapasite pi ba yo ki gen rapò ak Sante Tifi:

- \* Fason pou evite gwosès sanzatan, VIH ak lòt enfeksyon moun pran nan relasyon seksyèl.
- \* Fason pou bay tifi ki te sibi vyolans sipò.
- \* Mete limit pou pwoteje sante tifi.



### AKTIVITE NOU REKÒMANDE:

*Pou nou ranfòse kapasite tifi sou sijè sante tifi, nou kapab sèvi ak aktivite sa yo:*

- \* Ti Komik Natali No. 2 (gade *Kore Tifi* paj 61).
- \* Ti Pale sou Lasante 1-3 nan Faz 3 (Sipò) sou anpeche kadejak ak mete limit ak jwenn sipò pou evite gwosès ki pa te planifye ak gwosès anvan lè.  
*Remak: Nou kapab fè yon ti pale pa sesyon pandan 3 sesyon ansanm ak yon lòt aktivite. Oubyen nou kapab envite yon pwofesyonèl lasante vin pale ak klèb nou pou antre pi fon nan sijè a.*
- \* (Si sa pa te fèt nan Faz 2) Metòd pou anpeche moun fè pitit san preparasyon (gade kourikoulòm Biyoloji *Kore Tifi 1ye Ane Nouvo Segondè*, paj 10).
- \* Enfòmasyon sou kapòt ak praktik negosyasyon kapòt (gade kourikoulòm Biyoloji *Kore Tifi 1ye Ane Nouvo Segondè*, paj 15).
- \* Swen sante apre yon zak vyolans (gade kourikoulòm Biyoloji *Kore Tifi 1ye Ane Nouvo Segondè*, paj 23).
- \* Tès VIH/SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay: Kisa? Ki kote? Poukisa? (gade kourikoulòm Biyoloji *Kore Tifi 1ye Ane Nouvo Segondè*, paj 30).

\* Aktivite siplemantè:

- \* *Chache Konnen! Yon Bwat Imaj pou bonjan devlopman adolesan*, aktivite 2-6, 11 ak 12 (gade Family Care International 2002, li disponib tou sou [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org)).
- \* *Fòmasyon sou Sante Seksyèl Tifi "Espas Pa m Yo"*, sesyon 23 ak 25 (gade YWCA Haiti et al 2014 oubyen HAGN 2016, li disponib tou sou [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org)).



## Sijè 6: Vyolans

Lè tifi devlope kapasite pou bay lòt tifi ki sibi vyolans sipò, sa kapab kreye yon dinamik solidarite ak sipò pami tifi. E sa kapab enpòtan anpil pou sante ak sekirite tifi.

Nan Faz 3, menntò yo kapab ede tifi yo devlope kapasite pi ba yo sou prevansyon vyolans:

- \* Fason pou chwazi ak kreye bon jan relasyon ki an sante.
- \* Fason pou jwenn sipò ak fason pou genyen aksè ak resous enpòtan kominote a lè gen bezwen.
- \* Kote pou gide yon zanmi pou ka vyolans.

### AKTIVITE NOU REKÒMANDE:

*Pou nou ranfòse kapasite tifi sou sijè prevansyon vyolans, nou kapab sèvi ak aktivite sa yo:*

- \* Afich Faz 3 (Sipò) (gade Kore Tifi paj 52).  
*Remak: Sa kapab pran 2 sesyon pou tout klèb la, selon diskisyon yo.*
- \* Ti Komik Jesika No. 2 (gade Kore Tifi paj 57).  
*Remak: Resous sa site pou sijè Finans tou. Sa kapab pran 2 sesyon pou tout klèb la, selon diskisyon yo.*
- \* Ti Pale ak Paran 3 ak 4 (gade Kore Tifi 93 ak 95), ak Ti Pale pou Paran ak Pitit yo: Tifi ak Ti Gason egal-ego (paj 97).  
*Remak: Menntò yo kapab patisipe nan Ti Pale ak Paran 3 ak 4, e apati de sa, aprann fasilite Ti Pale pou Paran avèk Pitit yo: Tifi ak Ti Gason egal-ego.*



\* Teyat Faz Sipò (gade Kore Tifi paj 76).

*Remak: Genyen 3 teyat tou kout nan Faz Sipò. Lè tifi aprann jwe wòl yo epi antre nan deba apati kesyon yo, sa kapab pran 2 -3 sesyon pou tout klèb la, selon diskisyon yo.*

\* Kijan pou jere kòlè nou olye nou sèvi ak vyolans (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi 1ye ak 2yèm Ane Nouvo Segondè, paj 30).

\* Nouvo lide pou aktivite! Envite yon gwoup moun ki bay moun ki sibi vyolans sipò vin pale ak klèb la. Yo kapab ede tifi yo genyen koneksyon avèk resous kominote a tankou lapolis, òganizasyon fanm ki akonpaye sivivan ak sèvis sante. Si pwofesyonèl sa yo se fanm, yo kapab enspire tifi yo tou sou zafè opsyon ki genyen ak karyè pwofesyonèl. Asire nou prepare tifi yo ak panèl la byen avan, e menm remèt panelis yo lis kesyon tifi yo te kreye, anvan jou rankont la. Sonje nou bezwen panelis yo bay enfòmasyon tou sou sa tifi dwe konnen, sou kote pou yo ale oka youn nan tifi yo oubyen yon zanmi yo bezwen èd osinon si yon tifi sibi vyolans.



## Kilè nou pare pou pase nan Faz 4?

Pandan n ap avanse nan aktivite ki rekòmande yo sou chak sijè, veye pou nou wè kapasite tifi nan klèb yo deja metrize. Èske yo ap aprann fason pou yo fè sa nou te rekòmande yo fè? Sonje li enpòtan anpil pou nou pa sote aktivite epi prese antre nan Faz 4 (Aksyon) twò bonè. Rezon an, se paske tifi yo ap devlope kapasite yo bezwen e ki pral pèmèt yo devni ajan chanjman nan Faz 4. Depi nou panse tifi yo reyalize rezilta Faz 3 yo, nou kapab chèche mwayen pou teste nivo kapasite yo nan ti teyat, simulasyon ak lòt aktivite amizan. Lè tifi yo vreman reyalize rezilta Faz 3 yo, yo pare pou pase nan Faz 4. Konpliman pou Faz 3 a e bòn chans nan reyalizasyon Faz 4 pou konstwi pouvwa tifi!

## Kote pou nou jwenn aktivite

Tout aktivite ki pwopoze nan tèks sa a e nou pa jwenn nan dokiman *Kore Tifi*, nou ap jwenn yo nan resous pi ba yo e nou kapab telechaje yo nan paj resous tifi sou [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org)

Family Care International (2002) *Chache Konnen! Yon Bwat Imaj pou bonjan devlopman adolesan*; New York, NY, USA. Disponib sou: [http://www.familycareintl.org/UserFiles/File/pdfs/pub\\_pdfs/la10.pdf](http://www.familycareintl.org/UserFiles/File/pdfs/pub_pdfs/la10.pdf)

Haiti Adolescent Girls Network (HAGN) (2016). *Curriculum du Programme "Espas Pa M"*. Port-au-Prince, Haiti. Disponib sou: [www.haitigirlsnetwork.org/trainingmaterials2016](http://www.haitigirlsnetwork.org/trainingmaterials2016)

Making Cents International, Save the Children, AmeriCares, Haiti Adolescent Girls Network. (July 2011). *Gid Aktivite Sou Zafè Edikasyon Finansyè Pou Ti Jèn Fi Adolesan*.

Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Depo Legal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: Raising Voices (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.

Population Council. (2009). *Manuel du Formation: Droits des Adolescentes et Competences en Vie Courante*. New York: Population Council.

YWCA Haiti, Enpak & Haiti Adolescent Girls Network (2014). *Fomasyon sou Zafè Sante Seksyèl pou Tifi "Espas Pam Yo"* Port au Prince: HAGN.

**MATERYÉL  
MOBILIZASYON  
KOMINOTÉ**



# AFICH FAZ 3 (SIPÒ)

## **Koutje sou Afich Faz 3 (Sipò):**

Faz 3 *Kore Tifi* genyen yon Afich ki pèmèt nou brase lide an gwoup. Afich la genyen imaj ak kesyon ki mache avèk kontni Faz la. Tout manm Rezo *Kore Tifi* kapab sèvi avèk afich la. Aktivis kominotè kapab sèvi avèk li nan aktivite ak manm kominote yo, menntò nan klèb tifi, pwen fokal nan lekòl.

Kontinye sèvi avèk Afich Faz 3 a jan nou te fè sa nan Faz 1 ak 2, avèk menm gwoup moun yo, nan menm kalte espas yo. Baze dyalòg yo sou kesyon epi kite yo ouvè. Si nou bezwen yon rafrech memwa sou fason pou nou sèvi avèk Afich Faz 3 (Sipò), gade enfòmasyon sou sa nan “Koutje sou Afich” ki nan materyèl mobilizasyon kominotè pou Faz 1 oubyen 2.

# Kijan nou kapab kore fi yo ?



1.



2.



3.



4.



5.



6.



7.



8.




9.



10.




11.



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :  
Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • [annapechevyolans@gmail.com](mailto:annapechevyolans@gmail.com) • [repansepouwva.org](http://repansepouwva.org) •  
Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) • *Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre*

# Kesyon pou brase lide

# Sipò



- Kisa nou wè k ap pase nan imaj sa yo ?
- Èske moun konn ede lòt moun menm jan nan kominote nou an ? Si wi, bay egzanp. Si non, poukisa ou panse yo pa fè sa ?
- Dapre nou menm, poukisa li enpòtan pou nou bay sipò pou trete tifi ak menm respè ak ti gason ?
- Ki sipò tifi yo bezwen pou yo kapab byen balanse pouvwa yo ak pouvwa ti gason ?
- Ki sipò ti gason yo bezwen pou yo kapab byen balanse pouvwa yo avèk pouvwa tifi yo ?
- Afich sa genyen plizyè imaj sou moun k ap montre tifi jere lajan, montre yo kwè nan tèt yo, ede yo grandi kòm moun, oryante yo, epi aprann yo konnen kò yo. Ki enpòtans nou wè sipò sa yo genyen ?

## Nòt sou imaj pou fasilite

1. Sipò kominotè lè yon fi vin ansent
2. Tifi a jwenn sipò lè papa l ap fè vyolans sou manman l
3. Kominote a ap ankouraje fi devlope talan yo
4. Fanmi k ap bay sipò olye yo trete timoun kòm restavèk !
5. Paran anpeche gason fè bagay ak jèn fi ann echanj favè
6. Kominote a anpeche gason fòse fi fè bagay, epi yo bay fi a sipò
7. Paran fi a bay etid li anpil enpòtans
8. Paran asire tifi ak ti gason gen menm dwa ak pouvwa anndan kay la.
9. Paran fi a ede li konprann kò li, epi fè l konnen kò l pa ni yon machandiz ni se sèl pouvwa li genyen
10. Paran fi a ap aprann li jere lajan depi li gen laj pou li konprann
11. Sipò pou tifi ki sibi ensès ak lapolis ki pran ka a oserye (nòt : ensès se lè agresè a se fanmi moun ki sibi zak la)



# TI KOMIK




## **Koutje sou Ti Komik Jesika ak Natali, Faz Sipò:**

Genyen de (2) seri Ti Komik pou Faz 3, 3 ak 4 *Kore Tifi* avèk istwa ki evolye soti nan Faz 3, rive nan Faz 4. Nan Faz 3, Istwa Jesika ak Natali ap kontinye nan Ti Komik Faz 3.

Nan Ti Komik yo, nou itilize imaj ak tèks. Se yon fason pou pifò moun nan kominote a kapab enterese avèk yo. Nan fen chak Ti Komik, genyen kesyon pou brase lide. Kesyon sa yo dwe fasilite dyalòg kominotè. Aktivis kominotè kapab sèvi avèk Ti Komik nan aktivite ak manm kominote yo, menntò nan klèb tifi, pwen fokal nan lekòl.

Si nou bezwen yon rafrechi memwa sou fason pou nou sèvi avèk Ti Komik yo, gade enfòmasyon sou sa nan “Koutje sou Ti Komik” ki nan materyèl mobilizasyon kominotè pou Faz 2.



**MEN SA K TE RIVE NAN PREMYE TI KOMIK JESIKA...**  
 TOUT MOUN TE DI JESIKA TE FÈT AK TOUT BYEN LI, MEN SA TE BAY GWO PWOBLÈM LÈ JESIKA KOUMANSE KWÈ YO EPI LAGE KÒ L BAY OBNÈ. LI KITE LEKÒL EPI FÈ PITIT, MEN OBNÈ KOUMANSE BAT LI EPI ABANDÒNE L. MOUN FÈ TRIPOTAY.




SÈL REFLEKSYON JESIKA SE JWENN YON LÒT GASON KI POLU EDE L AK 2 TIMOUN YO. LI PRAN LARI. SE LA LI KONTRÈ AK KÒMÈ BENITA...



KÒMÈ BENITA ?!



JESIKA ! VINI NON VWAZIN !



BONJOU BENITA, KIJAN OU YE? SA FÈ LONTAN MWEN PA WÈ W !

CHITA NON, KAY POLU OU. KOUMAN OU KAGOU KONSA ?



BAGAY YO PA BON MENM ; OBNÈ KITE M AK 2 TIMOUN YO. MWEN PA GEN ANYEN NAN MENM POLU M OKIPE YO ! M BEZWEN SIPÒ KÒMÈ !

DI M PLIS JESIKA !

MWEN PA KONN SA POLI M DI W ANKÒ KOMÈ ;  
MWEN POLI KONT MWEN. MWEN P AP KA FÈ ANYEN  
SAN OBNÈ. SE POLI LI MWEN TE KITE LEKÒL. EPI LI  
LAGE M DE BRA BALANSE.



MWEN P AP LEVE NI LOU NI  
LEJÈ...

6

M ANTRAVE ! M ANVI VAG  
LAVI... MENM FANMI M LAGE  
MWEN !



KENBE KÒ W MACHÈ ! M AVÈ W,  
OU PA POLI KONT OU, MEN OU  
DWE REPRANN TÈT OU.

7

SI W VAG LAVI, KIYÈS K AP PRAN SWEN TIMOUN YO ?



8

LAVI A PA FINI. CHAJE LÒT MWAYEN POLI VIV. MWEN  
KONPRANN SA K AP TRAVÈSE W LA. SE BITE OU  
BITE. OU KA REPRANN FÒS OU NAN LAVI A. OU KA  
REJWENN POLIVWA OU.




9

OU KA AL FÈ TI KOMÈS OUBYEN APRANN YON  
METYE. GEN ESPWA WI, JESIKA. GADE M  
JODI A ! M TE PASE PA LA TOU. YO TE FÈ M  
KWÈ M TE FÈT AK TOUT BYEN MWEN TOU. MEN  
SE PI MOVE BAGAY POLI YO FÈ YON FI KWÈ.



OU KWÈ GEN LAVI POLI  
MWEN TOUJOU KOMÈ ?

10



GADE - KISA W AP KOULD LA A ?

11



SA ENTERESE W ? SA SE BWODRI.

12



OU TA RENMEN KONN FÈ L TOU ?

13



O WI !!! SA AP EDE M TOUT JAN ! SA TA FÈ M PEYE LEKÒL TIMOUN YO E MENM LEKÒL PA M TOU.

14



WI, OU GEN TAN FÒ DEJA !

15



MEN FIL MEN FOUNITI ! MWEN TE BYEN BEZWEN YON APRANTI !

16



APRE SA, M AP FÈ W WÈ AK LÒT MOUIN NAN KOMINOTE A K AP BA OU LÒT SIPÒ.

17




18 MÈT ABELA T AP CHÈCHE W. LI DI KONSA AP GENYEN YON TI RANKONT LIDÈ ZÒN NAN LAKAY LI PITA SI OU KAPAB VINI.

M AP MENNEN JESIKA AVÈ M POLI YO TOUT KAPAB FÈ KONESANS AVÈ L.



19 BONSWA MÈSYE DAM. M AP PREZANTE NOU JESIKA.

NAN NON TOUT LIDÈ KI LA YO, NOU DI W BYENVINI JESIKA !!!



20 KITE M PWOFITE PREZANTE NOU PITIT FI M LISYANA.



21 NOU KONTAN KE W AVÈ NOU. LA A SE YON FANMI, NOU YOUN SIPÒTE LÒT NAN PWOBLÈM, EPI ANSANM NOU JWENN SOLISYON.

MÈSI LISYANA. SE KOUNYE A MWEN KOMANSE KONPRANN LAVI. MEN M AP SOUFRI ANPIL WI !



22 MEN JESIKA, SE PA SÈLMAN NAN GASON FANM KAPAB JWENN MWAYEN POLI OU VIV.

OU GENYEN ANPIL TALAN NAN BWODRI, EPI PETÈT OU TA KA TOUNEN LEKÒL YON LÈ TOU.



YO VIN ZANMI E JESIKA KÒMANSE KONPRANN LÈ YON FI AP VIV AK YON GASON SE PA POLI FI A METE TÈT LI SOLU KONT GASON AN.

23 NOU PAKA DEFÈT SA K FÈT LA. MEN NOU KA BATI YON AVNI KI SOLID WI !




24 PETÈT M AP JWENN YON LAVI KAN MENM GRAS AK SIPÒ ZANMI SA YO...

### Kesyon pou brase lide :

1. Nan istwa sa a, Jesika te aprann bwode. Ki lòt sipò li te jwenn, e nan men kiyès ?
2. Dapre nou menm, kisa Jesika te aprann nan istwa sa a ?
3. Kilès Jesika te genyen plis pouvwa, èske se nan koumansman istwa a, oswa se nan fen istwa a ? Poukisa ?
4. Pa rapò ak sipò Jesika jwenn nan men lòt moun, ki lòt wout li kapab wè devan l, olye l lage kò l bay yon lòt gason ankò ?
5. Lè nou wè yon jèn fi ki genyen menm kalte pwoblèm ak Jesika, kijan nou kapab ba li sipò nou ak konkou nou ?
6. Ki leson nou tire anndan ti komik sa a ?

PETÈT NOU DEJA KONNEN NATALI. OU KA SONJE LÈ LI TE GENYEN 12 AN LI TE TONBE ANSENT POLI YON NÈG KI RELE OSKA, KI TE KONN BA LI KÒB EPI BA LI TI PAWÒL DOUS. OSKA VÒLÈ KONFYANS LI.



1

2

SAN PESONN MOUN PA T BA LI ANKADREMAN, EPI AK TOUT MOUN KI TE RETE BOUCH PE, KI LÒT JAN SA TE KA PASE ? NATALI ANSENT, TAN PASE, NOU PALE AK NATALI PI PLIS, EPI TANDE L TOU. LI MANDE NOU REYINI KÈK MOUN POLI PALE AVÈ L.

ÈSKE PARAN LI YO AP EDE L FINALMAN ? AN NOU SWIV POLI NOU WÈ...



3

MEZANMI SA KI RIVE DEJA RIVE. AN NOU EDE NATALI PITO ; L AP BEZWEN BON JAN SIPÒ NOU TOUT NAN MOMAN SA A.

MÈSI POLI PREZANS NOU !



4

NOU PRA L EDE W TOU KONPRANN KÒMAN POLI OU JERE LAJAN POLI OU KAPAB ENDEPANDAN , SAN OU PA OBLIJE SOU KONT YON GASON LÈ OU PI GRAN.



5

NATALI, NOU LA POLI BAY OU TOUT ENFÒMASYON SOU KÒ W AK TOUT LÒT BAGAY OU MERITE KONNEN.



EPI LÈ OU FIN AKOUCHE, W AP KONTINYE ALE LEKÒL. MWEN MENM, ANTANKE MANMAN W, MWEN DAKÒ POLI M OKIPE TI BEBE A.

6




TRAVAY SA A , PITIT MWEN, SE TOUT KOMINOTE A KI PRAL FÈ L ANSANM AVÈ W.

7



MWEN SANTI M FÒ AK TOUT SIPÒ NOU !



FÒK MWEN DI NOU TOLI, SI OSKA TE GEN RESPÈ POLI OU...

8

...SA PA TA PASE KONSA. SE POLI SA BAGAY YO PRAL CHANJE NAN KAY ISIT LA !



OSKA KA CHANJE SI KOMINOTE A PALE AVÈ L. MEN TOLI, ÈSKE LI PA TA BON POLI EDE SONSON KONPRANN...

9



LI ENPÒTAN POLI TOUT GASON AJI AK RESPÈ AK FI.

10



TANKOLI, SI NATALI FÈ MANJE A M AP LAVE VESO YO ?

11



WI, SE SA. YON BON GASON TOUJOU VEYE BEZWEN LÒT MOUIN POLI L KAPAB EDE YO. SA PA YON FEBLÈS, SE YON FÒS SA YE.

12

EPI MWEN MENM TOLI, MWEN PRAL EDE MADANM MWEN PLIS NAN KAY LA. POLI NOU KA BAY TIMOUN YO BON JAN EGZANP. MONTRE YO FASON NÒMAL GASON DWE VIV AK FI, SAN FÒS KOTE.



MÈSI TOUT MOUIN. EPI MÈSI POLI JAN N AP MONTRE SONSON TRÈTE M AK RESPÈ. M PANSE RESPÈ PA RETE AK LAVE VESO ANSANM SÈLMAN...

13

...SE JAN YON MOUIN KA PALE AK YON LÒT, EPI AJI AVÈ L POLI L KA KENBE DIYITE L.

BOFIS MWEN, YOUN NAN FASON POLI OU MONTRE SA DEPI JODI A SE PATAJE TRAVAY NAN KAY LA AK SÈ W, YON FASON POLI L KAPAB NI PRAN SWEN PITIT LA, NI KONTINYE ALE LEKÒL.

## Kesyon pou brase lide :

1. Kijan paran Natali decide mete pouvwa yo ansanm pou ba li sipò ?
2. Kijan nou wè responsabilite bòpè Sonson pran pou pale avè l oryante l ? Ki konsèy nou ta renmen bay Sonson pou li kapab yon bon gason ?
3. Si paran Natali yo pa t decide ba li sipò, ki konsekans sa t ap genyen ?
4. Ki avantaj kominote a nan ede Natali ? Ki avantaj pou Natali ? Ki avantaj pou tout lòt moun ?

5. Poukisa li enpòtan pale ak tifi yo sou kò yo, sou enpòtans lekòl pou avni yo, epi kijan pou jere lajan ?
6. Kijan nou menm nou kapab bay jèn tifi yo sipò nan kominote pa nou pou yo pa tonbe nan yon sityasyon ak Natali ?
7. Kijan nou kapab bay jèn gason sipò pou yo respekte fi epi pa mete yo an danje ? Kouman kominote a ka fè nèg ki ansent Natali a rann kont ?
8. Kijan nou ka bay youn lòt sipò pou ankadreman tifi yo ka kontinye fèt ?
9. Ki leson nou tire nan ti komik sa a ?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouvw (509) 3617 1815 • [annapechevolans@gmail.com](mailto:annapechevolans@gmail.com) • [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvw ak atis Chevelin Pierre

# TI KOZE SOU LASANTE FAZ 3 (SIPÒ)



## **Ki lè pou pèsonèl lasante sèvi ak Ti Koze sou Lasante:**

Ou kapab lanse ti koze sa yo lè w ap konsilte yon pasyan, oswa nan sal datant yon sant sante, oubyen tou lè genyen pwogram edikasyon k ap fèt nan kominote a.

## **Kijan pou pèsonèl lasante sèvi ak Ti Koze sou Lasante:**

Lè w ap konsilte yon pasyan, ou pa oblije fè tout ti koze a nèt, yon sèl kou, men lè ou wè gen bezwen pou sa, ou kapab pataje kèk nan enfòmasyon enpòtan ki nan bwochi sa a. Genyen bezwen pou ti koze a lè ou jije yon pasyan kapab ap fè fas ak youn nan pwoblèm ki trete nan ti koze a. Ti koze sa yo kapab fèt ak yon sèl moun, oswa ak yon ti gwoup moun. Li enpòtan pou jèn fi jwenn enfòmasyon sa yo. E li enpòtan pou moun ki nan antouraj jèn fi yo genyen enfòmasyon sa yo tou pou yo kapab pale ak jèn fi yo, e ede yo pou yo ka rete an sante. Lè jèn fi nan kominote a djanm, sa pèmèt kominote a vin pi djanm.



# Ti koze sou lasante #1 :

Lide pou kenbe nan tèt: Wi se wi ! Non se non ! -An nou pote kole pou anpeche kadejak.

**Entwodiksyon:** Vyolans seksyèl se nenpòt zak ki fèt sou yon moun ki limite pouvwa li genyen sou kò li, sou seksyalite li oswa sou kapasite li pou li fè pitit. Lè n ap pale de fè bagay, lè yon moun di wi, se wi! Lè li di non, se non! Li pa bezwen di non ak pawòl. Li ka di non ak kò li, san pawòl; se toujou non li ye. Pou tout moun kapab genyen posiblité pou yo an bòn sante, nou bezwen anpeche vyolans seksyèl, pa kite sa rive. Youn nan fason pou nou anpeche vyolans seksyèl, se nan respekte lè yon moun di non. Se responsablité tout moun. Yon lòt fason ankò, se nan mete pawòl la deyò lè nou wè yon bagay ki pa sa, epi fè moun k ap fè vyolans seksyèl yo rann kont sou zak yo. Se responsablité tout moun tou. Li enpòtan pou nou ede sivivan yo jwenn tout sipò yo bezwen. Sous sipò yo la, yo disponib.

## **Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a:**

*Nòt pou animatè/ animatris Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo sot, sinon se pou fasilite a di yo.*

# 1 • Gendelè yon moun ka di non, li p ap fè bagay, epi lòt moun nan pa respekte sa. Li fòse li oubyen mete presyon sou li. Nan ki sitiyasyon sa konn rive?

*Kèk pwen ki ta dwe sot nan kesyon sa a :*

- Tifi: Gen moun ki kwè ke jèn fi p ap janm di wi, epi se fòse pou yo fòse yo. Konsa yo jistifye kadejak yo fè sou tifi. Dapre ankèt ki fèt ann Ayiti, sou chak 5 tifi, genyen youn se nan fòse li te genyen premye ek-speryans li nan fè bagay.<sup>1</sup> Sa gen anpil move konsekans.
- Maryaj: Yon madanm ak mari li, lè yon mari panse li genyen dwa sou kò madanm li epi madanm nan pa gen dwa pou l di non.
- Dezekilib pouvwa: Yon moun ki gen plis pouvwa ak yon moun ki gen mwens pouvwa, tankou patwon ak anplwaye, pwofesè ak elèv, polisye ak moun li arete, doktè ak pasyan, oubyen gason ak fanm an jeneral.
- Raple sijè a : Wi se wi ! Non se non ! -- An nou pote kole pou anpeche kadejak.

Sipò

<sup>1</sup> Bott S, Guedes A, Goodwin M, Mendoza JA (2012) Violence Against Women in Latin America and the Caribbean: A comparative analysis of population-based data from 12 countries. Washington, DC: Pan American Health Organization, p. 74-75.

## 2. Poukisa respekte prensip “wi se wi, non se non” enpòtan nan anpeche kadejak fèt nan kominote a?

*Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :*

- Depi ou fòse yon moun fè bagay san li pa vle, se kadejak sa ye, kèlkeswa moun li ye a, menm si se madanm ou.
- Nan sa yo rele vyolans seksyèl, genyen kadejak ak lòt kalte vyolans, tankou manyen yon moun san li pa dakò, fè vye jès ki evoke sèks oubyen aktivite seksyèl elatriye.
- Kadejak ak lòt kalte vyolans seksyèl kapab fè gwo kokennchenn dega, tankou: VIH/SIDA ak lòt maladi moun pran nan fè bagay, fè pitit san li pa prepare pou sa, depresyon ak pwoblèm mantal, mank devlopman nan yon kominote, elatriye.
- Lè yon moun di non, kit se ak bouch li, oswa ak kò li, sa vle di non. Kidonk moun nan pa vle. Si nou tout dakò sou sa, nou kapab evite kadejak.
- Nou tout genyen wòl pa nou pou nou jwe nan anpeche kadejak, epi pou fè moun nan kominote nou an rive respekte lè yon moun di non.
- Fanm ki vle fè bagay ap di “wi”, gason ki tande non ap respekete se “non”.
- Raple sijè a : Wi se wi ! Non se non ! -- An nou pote kole pou anpeche kadejak.

## 3. Kijan nou kapab bay moun ki sibi vyolans seksyèl sipò?

*Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :*

- Nou ka ede sivivan vyolans seksyèl rive nan yon sant sante anvan 72 zèdtan (ki egal a 3 jou) pou yo jwenn swen ak tretman yo bezwen pou sante yo, e ki kapab sove lavi yo.
- Selon lalwa ann Ayiti, sivivan vyolans seksyèl, oubyen òganizasyon fanm ki akonpaye sivivan, dwe kapab jwenn sètifika medikal GRATIS toupatou nan peyi a. Y ap bezwen kalite sètifika medikal sa a si yo decide pote plent nan lajistis.
- Si sivivan an decide pou li pote ka agresyon an nan lajistis, nou ka ede li jwenn sipò nan men yon òganizasyon fanm, epi jwenn yon avoka.
- Nou ka ofri sipò sosyal ak moral bay sivivan yo. Nou kapab konekte yo ak sipò nan òganizasyon fanm k ap travay sou koze vyolans seksyèl nan zòn nan tou.
- Raple sijè a : Wi se wi ! Non se non ! -An nou pote kole pou anpeche kadejak.

**Dènnye mo pou fèmèn deba a:** Mèsi pou ti koze nou te fè sou lasante. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

**Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • [annanpechevyolans@gmail.com](mailto:annanpechevyolans@gmail.com) • [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •**

*Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre*



## Ti koze sou lasante #2 :

Lide pou kenbe nan tèt: Kò m pou mwen! M gen dwa pou m mete limit.

**Entwodiksyon:** Jodi a nou pral pale sou dwa chak moun genyen pou deside kiyès, ki kote, kijan, epi nan ki kondisyon lòt moun kapab wè oswa manyen kò li. Men, anpil fwa se tifi ak jèn fi kominote a bay mwens chans pou yo jwi dwa sa a. Li enpòtan pou tifi yo konnen kò yo se pou yo. Menm jan tou, li enpòtan pou lòt moun tandè e respekte sa tifi yo vle pa rapò ak kò yo. Lè tout moun vin konnen limit ki dwe genyen ant youn ak lòt, y ap respekte prensip kò yon moun se pou moun nan li ye, epi anpil fòm vyolans fizik ak seksyèl ap disparèt, tankou tizonnay seksyèl, manyen san dakò, kadejak, gade kò yon moun san li pa vle sa, elatriye. An nou pale sou sa.

### **Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a:**

*Nòt pou animatè/ animatris Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.*

## 1. Èske nou kapab site kèk bagay yon paran dwe fè pou yon timoun piti ki gen rapò ak kò li?

*Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:*

- Di timoun nan li dwe benyen.
- Anpeche timoun nan manje yon bagay ki pa bon pou kò li ak kwasans li, epi ba li manje ki bon pou sante li ak kwasans li.
- Lè timoun nan bezwen yon piki oubyen lòt medikman doktè ba li.
- Depandaman de laj timoun nan, paran an deside prèske tout bagay pou li. Men kou li gen kapasite, li enpòtan pou kite plis desizyon nan men timoun nan pou l aprann kijan pou li pran swen epi defann pwòp kò li.
- Se devwa yon bon paran pou aprann timoun yo kijan pou yo fè bon chwa pou kò yo, epi aprann yo kijan pou yo mete bon limit pou kenbe tèt yo an sante.

Sipò

## 2. Èske nou kapab bay kèk egzanp kote yon granmoun pa gen dwa manyen kò yon timoun?

*Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :*

- Se yon timoun ki konnen sa ki fè li malalèz, donk menm si se nan jwèt, yon granmoun pa gen dwa mete yon timoun malalèz nan manyen kò timoun nan.
- Lè yon timoun di li pa dakò pou yon moun manyen li, oswa fè jès ki montre li pa dakò.
- Lè granmoun gen lentansyon manyen kò timoun pou plezi seksyèl.
- Raple sijè a : “Kò m pou mwen! M gen dwa pou m mete limit.”

### 3. Lè nou pa di anyen epi kite granmoun manyen timoun nenpòt jan, ki move konsekans sa genyen pou timoun yo, sitou pou tifi yo?

*Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :*

- Se kòm si n ap di timoun yo kò yo pa pou yo, se pou lòt moun kò yo ye.
- Sa kapab fè yon timoun panse li nòmal pou yon moun manyen nenpòt kote nan kò li.
- Sa fè timoun, sitou tifi, kwè yo dwe rete an silans lè yon bagay deranje yo. Se konsa, defwa menm moun ki renmen tifi yo ak tout kè yo konn ba yo mesaj se lòt moun ki pou deside sa ki kapab pase ak kò tifi yo.
- Sa konn fè granmoun panse se yo ki mèt kò tifi yo. Alafen tifi yo vin aksepte pou lòt moun gen kontwòl sou kò yo.
- Sa mete tifi yo an danje pou yo sibi vyolans seksyèl byen bonè nan lavi yo. Sa vle di, kadejak, asèlman seksyèl, ak lòt abi ki pi fasil pou fèt san lòt moun pa okouran.
- Abi seksyèl oubyen vyolans seksyèl pote anpil move konsekans sou lasante, tankou: VIH/SIDA, enfeksyon moun pran nan fè bagay, gwosès sanzatan, estrès, depresyon, swisid, elatriye.
- Raple sijè a : “Kò m pou mwen! M gen dwa pou m mete limit.”

### 4. Kijan nou kapab bay timoun sipò pou yo kapab deside sa ki dwe rive ak kò yo, sitou tifi ak jèn fi?

*Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :*

- Nou kapab pote anpil atansyon sou tout fason (ak pawòl, oswa san pawòl) tifi ap eseye fè nou konnen sa ki rann yo malalèz nan jan moun ap gade yo, manyen yo, oswa pale ak yo.
- Nou kapab aprann tifi pale sou sa ki deranje yo, e yo bezwen aprann se yo ki mèt kò yo, konsa yo va kapab deside sa ki ka fèt sou kò yo.
- Nou kapab aprann ti gason kò tifi pa pou yo. Menm jan kò ti gason se pou ti gason, kò tifi se pou tifi. Chak moun gen dwa epi pouvwa pou yo chwazi kiyès, kijan, ki lè e nan ki kondisyon lòt moun kapab wè, oswa manyen kò yo.
- Nou dwe ankouraje timoun yo epi kore yo lè y ap eksprime deranjman yo santi, epi lè y ap defini limit yo, sa vle di kote yo vle yon moun rive ou pa.
- Nou kapab di kichòy lè nou wè granmoun ap depase limit yo epi vyole limit timoun yo genyen. Pale epi pote sipò nou olye nou kase fèy kouvri sa!
- Raple sijè a : “Kò m pou mwen! M gen dwa pou m mete limit.”

**Dènye mo pou fèmen deba a:** Mèsi pou ti koze nou te fè sou lasante. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

**Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • [annanpechevyolans@gmail.com](mailto:annanpechevyolans@gmail.com) • [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •**

*Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre*



## Ti koze sou lasante #3 :

Lide pou kenbe nan tèt: Chèche sipò pou anpeche gwosès sanzatan, ak gwosès twò bonè.

**Entwodiksyon:** Fi kapab anpeche gwosès sanzatan nan pa fè bagay ditou, oswa ak metòd planin. Anpil moun kwè lè ou pale sou koze fè bagay ak timoun, se sa ki pral fè timoun nan anvi al fè bagay. Men se pa vre. An jeneral, timoun konn pale antre yo menm sou koze fè bagay depi nan laj 11zan konsa, e yo reflechi sou sa. Men yo bezwen bon enfòmasyon ak verite pou pèmèt yo pran bon desizyon pou tèt yo. Lè gen pale ant timoun 12 a 18an ak paran yo sou koze fè bagay, gen plis chans pou timoun yo deside pa fè bagay oubyen pou yo fè bagay ak mwens moun, epi si yo fè bagay, yo gen plis chans pou pwoteje tèt yo ak kapòt oswa lòt planin. Enfòmasyon paran yo ba yo enpòtan anpil pou yo ka fè bon chwa ki kenbe yo an sante.<sup>1</sup>

### **Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a:**

*Nòt pou animatè/ animatris Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilite a di yo.*

## 1. Kisa jèn yo bezwen konnen sou koze fè bagay?

*Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:*

- Li enpòtan pou tout tifi ak ti gason konnen e konprann byen kisa ki ka fè ansent mete pye. Yo bezwen konnen sèl fason pou yo anpeche yon gwosès a 100%, se pa fè bagay ditou, kit se nan bouboun, oswa nan dèyè.
- Genyen metòd planin ki kapab anpeche gwosès prèske a 100%, lè yo sèvi byen avèk yo. Li enpòtan pou nenpòt moun ki ap reflechi sou fè bagay jwenn bon enfòmasyon sou plizyè kalte planin, kèlkanswa laj moun nan.
- Kapòt se yon metòd planin ki pa sèlman anpeche gwosès, men li anpeche moun trape VIH/SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay, sa yo rele IST (Infections Sexuellement Transmissibles) an Franse.
- Li enpòtan pou moun sispann kwè lè yo pale sou koze gwosès ak timoun, sa pral fè timoun yo anvi al fè bagay. Li enpòtan pou tout tifi, jèn fi ak jèn fanm jwenn enfòmasyon ak sipò sa yo. Pito yon timoun gen bon enfòmasyon soti nan bouch paran li olye li jwenn nenpòt enfòmasyon ki pa kòrèk nan men yon moun nan lari.
- Raple sijè a : Chèche sipò pou anpeche gwosès sanzatan, ak gwosès twò bonè.

## Sipò 2. Poukisa li enpòtan pou yon fi jwenn enfòmasyon ak lòt mwayen pou li pa tonbe ansent, epi jwenn sipò tou si li vin ansent?

<sup>1</sup> <http://www.plannedparenthood.org/parents/talking-to-kids-about-sex-and-sexuality>

- Si fi yo pa gen bon enfòmasyon, sa mete yo nan gwo danje pou yo sibi vyolans, pou yo tonbe malad, oubyen menm pou yo mouri lè yo eseye fè avòtman (jete pitit) nan kondisyon malatchong.
- Lè konsa se fanmi moun nan, kominote a ki pèdi yon moun, ak tout sa moun nan te kapab kontrib-ye nan fanmi li ak kominote a.
- Raple sijè a : Chèche sipò pou anpeche gwosès sanzatan, ak gwosès twò bonè.

### 3. Ki kalte sipò yon fi bezwen si li tonbe ansent san li pa pare?

*Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a:*

- Sipò nan men fanmi, pwofesè, ak tout kominote a pou fi ki ansent lan kapab kontinye al lekòl.
- Bon swen pou tibebe anndan vant lan.
- Bon enfòmasyon ak oryantasyon pou ni fi a ni papa tibebe a kapab konnen posibilite yo genyen ak chwa yo kapab fè.
- Li enpòtan pou li jwenn moun pou pale, pou li konnen posibilite li genyen ak chwa li kapab fè, pou li pa pèdi tèt li, epi al eseye fè yon avòtman (jete pitit) nan kondisyon malatchong.
- Li dwe jwenn bon swen sante ak sipò pou li kapab kontinye edikasyon li, epi pran swen tibebe a. Sa pa sèlman enpòtan pou li, sa enpòtan pou tout kominote a tou.
- Fi ki tonbe ansent san yo pa t pare oubyen moun ki ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou metòd planin, yo kapab pale ak pwofesyonèl lasante.

*NB: Site non kèk kote nan kominote a ki genyen sèvis planin ak enfòmasyon sa yo.*

- Raple sijè a : Chèche sipò pou anpeche gwosès sanzatan, ak gwosès twò bonè.

**Dènye mo pou fèmen deba a:** Mèsi pou ti koze nou te fè sou lasante. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

**Repans Pouwa (509) 3617 1815 • [annanpechevyolans@gmail.com](mailto:annanpechevyolans@gmail.com) • [repanspouwa.org](http://repanspouwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •**

*Reyalizasyon : Ekip Repans Pouwa ak atis Chevelin Pierre*

# LIDE POU ATIK OSWA REPÒTAJ



## **Koutje sou Lide pou Atik oswa Repòtaj Faz 3 (Sipò):**

Fanm kou gason ki jounalis, animatè radyo, direktè medya ak lòt manm pèsònèl ki travay nan medya (radyo, jounal ak televizyon) genyen gwo pouvwa pou ede yon kominote devlope kapasite pou fè chanjman.

Genyen twa (3) Lide pou Atik oswa Repòtaj nan Faz 3, ak tèm ki apwopriye pou Faz la. Chak Lide pou Atik oswa Repòtaj genyen enfòmasyon ak done estatistik, plis endikasyon sou kalte moun ki kapab enteresan pou jounalis fè entèvyou.

Si nou bezwen yon rafrechi memwa sou fason pou nou sèvi avèk Lide pou Atik oswa Repòtaj yo, gade enfòmasyon sou sa nan “Koutje sou Lide pou Atik oswa Repòtaj” ki nan materyèl mobilizasyon kominotè pou Faz 2.



# Lide N° 1 pou Atik oswa Repòtaj pou Sipò

## **Kijan nou kapab ede timoun pou yo rive kreye bon fwaye lè yo vin gran?**

Paran se premyè modèl pou ede timoun detèmine wout yo ap pran nan lavi yo. Paran kapab elve timoun yo pou yo evite vyolans nan kay lè yo vin genyen fwaye pa yo. Yo kapab pa nan goumen, pa nan joure e yo fasilite bon dyalòg ak kè kontan nan fwaye yo.

*Gen 3 gwo fason pou nou bay timoun sipò pou yo kapab viv nan bon fwaye lè yo vin gran:*

### **1. Montre timoun yo bon modèl balans pouvwa ant mari ak madanm**

Timoun ki temwen papa yo ap bat manman yo gen pi gwo chans pou yo grandi epi sèvi ak vyolans nan fwaye pa yo lè yo vin gran.<sup>1, 2</sup>

Youn nan pi bon fason pou nou manifeste lanmou pou pitit nou, se nan kreye bon relasyon koup ki djanm. Yon bon relasyon ant mari ak madanm, se paspò pou lavni yon timoun. Si timoun yo wè yon bon modèl nan fwaye yo ak pouvwa byen balanse ant fanm ak gason, sa ba yo anpil avantaj tankou mwens chans pou yo fè oubyen sibi vyolans, plis chans pou yo reyisi lekòl, pou yo gen kè kontan ak anvi viv. Kèk fason nou kapab montre bon balans pouvwa ant nou menm ak mari oubyen madanm nou se: tou 2 paran yo mete men egalego nan travay k ap fèt nan kay la, pran desizyon ansanm, regle pwoblèm ak dyalòg, epi montre inite ak respe youn pou lòt.

### **2. Montre timoun yo fason pou yo fè dyalòg ak jere konfli san vyolans ni fòs kote**

Nou tout gen pouvwa pou nou ede timoun yo aprann fason pou yo viv san vyolans. Nou kapab montre yo fason pou yo jere pwoblèm yo genyen san vyolans. Menm si yon timoun deja temwen vyolans lakay li, nou ka ede li chwazi yon lòt direksyon. Nou fè sa a lè nou montre li avantaj lòt modèl konpòtman san vyolans bay. Rechèch montre kèk fason efikas pou nou bay timoun yo sipò pou yo ka viv san vyolans, menm si yo temwen vyolans deja, tankou: Bon dyalòg ak relasyon avèk yon moun ki kwè nan yo, yon bon rezo sipò ak lòt granmoun modèl ki trase bon egzanp pou yo nan koup pa yo, bon anviwonman nan lekòl, konpreyansyon lòt moun ki tandè yo, opòtinite pou ekspriime tèt yo epi montre talan yo, epi moun pou aprann yo kijan pou yo rezoud konfli san vyolans.

Tout sa vle di, yon kominote ki djanm ka ede yon timoun jwenn sa li pa te jwenn lakay li. Chita ak timoun yo epi montre yo lè yo fache kijan pou yo fè dyalòg. Montre yo ak egzanp pa w fason pou yo jere konfli san vyolans ni fòs kote. Nou tout kapab vin bon modèl nan pote sipò pou pitit pa nou ak lòt timoun nan katye a. Lè sa a, tout timoun kapab aprann viv san vyolans!<sup>3</sup>

1 Heise, L & Fulu, E (2014). What works to prevent violence against women and girls? State of the field of violence against women and girls: What do we know and what are the knowledge gaps? What works, p. 8.

2 Whitfield, C.L., Anda, R.F., Dube, S.R., Felitti, V.J. (2003). Violent Childhood Experiences and the risk of Intimate Partner Violence as Adults. Journal of Interpersonal Violence. 18. 166-185.

3 <http://promising.futureswithoutviolence.org>

### 3. Ede tifi ak ti gason byen balanse pouvwa yo nan fanmi an.

Pi bon fason pou nou aprann timoun yo fè dyalòg epi byen balanse pouvwa ak lòt moun, se montre yo balanse pouvwa ant frè ak sè. Fòk nou asire kòm paran nou byen balanse pouvwa ant pitit fi nou ak pitit gason nou tou.

Pifò nan gason ki fè kadejak nan lavi yo te fè sa pou premyè fwa anvan yo te genyen 18an.<sup>1,2</sup> Sa vle di, move abitud kòmanse bonè. Men bon abitud kòmanse bonè tou. Si ou mande pitit fi ou lave asyèt, mande pitit gason ou siye yo. Si ou kite pitit gason ou al jwe, kite pitit fi ou al jwe tou. Si ou ap tandè youn pale, mande lòt la opinyon li tou. Si ou montre youn kijan pou li fè manje oubyen jere lajan, montre lòt la sa tou - pa mete nan tèt ou tèl tach se sèlman pou fi oubyen sèlman pou gason. Montre yo tou 2. Deside kantite ak kalite travay ou ba yo ak libète ou ba yo dapre laj ak matirite yo. Pa deside yo paske entèl se fi oubyen gason. Montre yo nan aksyon ou, jès ou ak pawòl ou fi ak gason se 2 èt ki sou menm pye degalite. Si ou wè pitit gason ou kòmanse pase lòd sou sè li, chita pale ak li sou fason pou li montre respè ak egalite nan jan li aji. Esplike epi montre ni tifi ni ti gason fason pou yo balanse pouvwa yo byen balanse pouvwa yo ak lòt moun.

#### Sijasyon pou entèvyou :

- Entèvyou ak moun ki kapab bay temwayaj sou lè yo te timoun epi yo te wè manman ak papa yo te byen viv ansanm, ak pouvwa yo byen balanse antre yo. Poze yo kesyon sou eksperyans pa yo lè yo te timoun, epi ki avantaj bon balans pouvwa ant manman ak papa yo te genyen sou yo menm ak sou frè ak sè yo. Mande yo kijan yo ta renmen swiv modèl sa a nan fwaye pa yo.
- Entèvyou ak moun ki modèl pou timoun ki gen tan temwen vyolans. Poze yo kesyon sou kalte kapasite yo oblije aprann timoun yo, tankou: dyalòg, rezoud konfli san vyolans, balanse pouvwa ant frè ak sè, fè lòt moun konfyans, elatriye. Poze yo kesyon sou fason yo ede timoun ki temwen vyolans devlope kapasite sa yo.
- Entèvyou ak yon fanmi--ni papa, ni manman, ni timoun yo - ki ap eseye montre timoun yo fason pou yo fè dyalòg ak balanse pouvwa yo nan fanmi an. Poze yo kesyon sou fason yo ede timoun yo aprann fè negosyasyon, pataj, rezolisyon konfli san vyolans, dyalòg, jesyon lajan, ak lòt.

1 Stoltenborgh, M., et al. (2011). "A global perspective on child sexual abuse: Meta-analysis of prevalence around the world." *Child Maltreatment* 16(2): 79-101.

2 Gilbert, R., et al. (2009). "Burden and consequences of child maltreatment in high-income countries." *The Lancet* 373(9657): 68-81.



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

**Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • [annanpechevyolans@gmail.com](mailto:annanpechevyolans@gmail.com) • [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •**

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre



## Lide N° 2 pou Atik oswa Repòtaj pou Sipò

### **Bay sipò w ak tifi pou yo kapab dekouvri kapasite, talan ak pouvwa yo.**

Anpil moun kòmanse konsyan tifi ak jèn fi gen yon mank pouvwa nan kominote a ki rann yo pi vilnerab pase gason. Fi gen plis risk pou yo sibi vyolans, pou yo trape VIH/SIDA, epi pou yo kite lekòl pase gason. Gen anpil avantaj si tifi ak jèn fi ka jwenn plis pouvwa nan kominote a. Toudabò, se dwa yo antanke moun pou yo viv san vyolans, an sante e se devwa tout moun pou asire tifi ak jèn fi yo jwi dwa yo. Epitou, kominote a bezwen talan ak kapasite fi yo pou li vin pi djanm.

Men, kijan nou chak kapab bay sipò nou pou tifi yo kapab dekouvri kapasite, talan ak pouvwa yo? Genyen plizyè fason ekspè nan domèn nan rekòmande pou nou kapab ankadre tifi ak jèn fi pou ede yo jwenn pouvwa yo. Men 5 gwo fason enpòtan: vin modèl pozitif pou yo, tandè yo, ede yo tabli gwo objektif pou lavi yo, ede yo kreye rezo ak reyini kote yo santi yo an sekirite, elve tifi ak ti gason sou menm pye degalite. An nou gade kisa bagay sa yo vle di.

**1. Vin yon modèl pozitif pou tifi ak jèn fi.** Yon bon modèl pou tifi oubyen jèn fi se yon moun ki pa fè jijman e ki merite konfyans. Se yon moun ki pa fè okenn kalte vyolans. Se yon moun ki tandè tifi ak jèn fi, ede yo aprann, ede yo devlope kapasite yo. Se yon moun ki byen balanse pouvwa li ak lòt moun, ki gen respè pou fanm ak tifi, epi ki djanm.

**2. Tandè fi e bay sa fi di valè.** Tandè yon moun se montre respè pou moun nan. Timoun aprann pi byen se lè yo pale epi lòt moun tandè yo. Se nan poze yo kesyon yo ka wè pi byen sa yo menm yo kwè. Pou ou bay yon tifi sipò, tandè plis, pale mwens. Montre l ki avantaj ki genyen nan plizyè chwa li kapab fè, men kite l fè chwa yo depi sa posib. An nou tout bat pou nou merite konfyans tifi kapab ba nou, epi an nou konstwi relasyon ki baze sou konfyans ak tifi nan lavi nou.

**3. Ede fi yo tabli gwo objektif pou lavi yo epi ba yo sipò pou yo atenn objektif yo.** Chita pale avèk yon tifi epi poze l kesyon sou sa li ta renmen fè nan lavi li. Ede l wè kèk bagay li kapab fè kounye a ki kapab ede l devlope kapasite pou li atenn objektif li. Ba li enfòmasyon sou sa ki enterese li, tankou si li vle vin yon doktè, montre l enpòtans pou l etidye byen lekòl kounye a. Si li vle jwe mizik, ede l fè konesans ak kèk mizisyèn nan zòn nan.

**4. Ede fi kreye rezo epi reyini kote yo santi yo an sekirite.** Kreye posibilite pou tifi jwenn ak lòt fi parèy yo kote tifi yo santi yo an sekirite, ede yo devlope solidarite antre yo, kapasite ak talan yo. Anpil jèn fi pa janm santi yo alèz nan po yo. Pou sa a, nou ka ede yo jwenn espas pou yo kapab santi alèz nan po yo, san yo pa pè anyen. Ede yo jwenn lòt kontak nan kominote a tou, ki kapab ede yo devlope kapasite yo epi eksprime talan yo.

**5. Elve ti gason ak tifi pou yo byen balanse pouvwa yo.** Paran gen anpil pouvwa nan ede tifi yo jwenn pouvwa yo. Paran gen responsabilite pou aprann ti gason yo kijan pou yo byen balanse pouvwa yo ak tifi. Bay edikasyon yo ak etid yo menm enpòtans. Ba yo menm libète ak menm kantite tach nan kay la pou yo kapab genyen menm opòtinite pou etidye ak devlope lòt talan yo. Ede yo aprann pataje, dyaloge, ak rezoud konfli san vyolans.

## Sijesyon pou entèvyou :

- Entèvyou ak tifi ak jèn fi ki jwenn bon jan sipò nan lavi yo. Poze yo kesyon ki pou pèmèt yo di sa yo menm yo wè moun kapab fè pou bay fi sipò pou fi kapab jwenn pouvwa nan kominote a. Poze yo kesyon tou ki pou pèmèt yo di sa moun kapab fè pou ba yo sipò ki fè yo santi yo djanm.
- Entèvyou ak lidè kominotè, lidè nan klèb tifi, reprezantan lekòl, klèb timoun, ak òganizasyon ki travay ak jèn oubyen òganizasyon fanm. Poze yo kesyon sou sa yo fè pou asire tifi ak jèn fi jwenn sipò, sou kalite konsèy yo ta bay pou moun ki ap eseye bay tifi sipò.
- Entèvyou ak paran ki ap eseye elve ti gason yo ak tifi yo sou menm pye degalite. Poze yo kesyon sou fason yo fè sa, difikilte yo jwenn, avantaj ak kè kontan yo jwenn lè yo fè sa.



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

**Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • [annanpechevolans@gmail.com](mailto:annanpechevolans@gmail.com) • [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •**

*Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre*



## Lide N° 3 pou Atik oswa Repòtaj pou Sipò

### **Ki sipò nou kapab bay pou tifi yo kòmanse santi yo pa an danje?**

Nou tout konnen sa nou santi lè nou an danje. Sa rann kè nou bat fò. Nou pa ka reflechi byen, epi nou pa ka fè yon bagay pozitif. Lespri nou angaje nan bezwen nou genyen pou nou kontinye viv. Men, pifò nan nou pa santi danje sa a toutan. Gen kote nou santi nou alèz. Lè nou alèz, nou ka di sa nou panse. Chak nan nou gen yon talan oubyen yon bagay nou konn fè byen, tankou nou kapab konn fè manje byen, konn ranje soulye, fè tab ak chèz, oubyen pale devan moun pou nou konvenk yo. Nou chak gen omwen yon bagay nou santi nou maton ladan.

Yo te fè yon rechèch sou tifi. Youn nan kesyon yo te poze tifi ak jèn fi se sou moman ak kote yo santi yo alèz, kote yo santi yo pa an danje. Men tifi Ayisyen ki te vilnerab yo te di yo pa gen kote yo kapab pale san yo pa pè, san moun pa ri yo. Yo pa gen kote pou lòt moun tande yo, kote moun pa menase yo. Yo santi chak kote yo pase, kit se nan lekòl, kit se nan lari, kit se lakay yo, ka gen moun ki bat yo oubyen pale yo mal, oubyen manyen yo san yo pa vle<sup>1</sup>. Menm nan klèb timoun, tifi yo te santi yo menase pa rapò ak ti gason ki te prezan. Tifi ki te di sa nan etid la te viv Pòtoprens. E nou menm, èske nou kwè sa vre bò lakay nou? Ki kote nou panse tifi ak jèn fi pi alèz nan kominote pa nou? Ki kote yo santi yo gen fòs?

Jeneralman, tifi ak jèn fi santi yo pi alèz pou yo pale kote ki gen lòt tifi ak jèn fi ki zanmi yo. Poutèt sosyete a poko montre yo kwè nan tèt yo, anpil nan yo jennen pou yo pale si gen gason bò kote yo, oubyen granmoun. Se pou sa yo di li enpòtan pou genmoman ak espas ki pou tifi ak jèn fi sèlman. Si nou reflechi, se menm jan pou anpil nan nou. Gen kèk gason, se lè yo nan ba ak lòt gason ki zanmi yo yo santi yo alèz nèt. Gen kèk fanm, se lè yo nan gwoupman fanm yo santi yo nan po yo e yo alèz pou yo pale sa ki sou kè yo. Ti gason ak tifi ka benefisye klèb timoun tou, e sa bon pou yo. Li enpòtan anpil pou nou veye si tout timoun yo alèz menm jan. Si nou kòmanse wè gen tifi ki pa alèz nèt, mete yon dat chak mwa kote se tifi sèlman ki la, epi asire ti gason pa parèt pou gade yo, entimide yo, deranje yo, menase yo.

Men pi gwo sipò nou kapab bay pou ede tifi ak jèn fi kòmanse santi yo pa an danje, se poze yo kesyon epi tande sa yo menm yo genyen pou di.

### **Sijesyon pou entèvyou :**

- Entèvyou nan lari ak tifi ak jèn fi. Poze yo kesyon ki pèmèt yo di kote anpil lòt tifi ak jèn fi santi yo an danje, kote yo santi yo alèz. Poze yo kesyon ki pèmèt yo di kondisyon ki oblije reyini pou yo alèz pou yo pale sa k sou kè yo.
- Entèvyou ak lidè klèb tifi oubyen tifi ak jèn fi ki nan klèb tifi. Poze yo kesyon ki pèmèt yo di fason klèb tifi ede yo santi yo alèz, avantaj sa genyen lè yo santi yo alèz.
- Entèvyou ak direksyon lekòl, òganizasyon fanm, òganizasyon timoun, lidè klèb timoun ak lòt sou estrateji yo jwenn pou ede tifi ak jèn fi santi yo alèz nan aktivite pa yo.

<sup>1</sup> Bruce, Judith. (2011). Violence against adolescent girls: A fundamental challenge to meaningful equality. New York: United Nations Adolescent Girls Taskforce, p. 10.



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

**Repans Pouwa (509) 3617 1815 • [annanpechevolans@gmail.com](mailto:annanpechevolans@gmail.com) • [repansepouwa.org](http://repansepouwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •**

*Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwa ak atis Chevelin Pierre*



# TEYAT FAZ SIPÒ



Nan faz Sipò, genyen 3 teyat kominotè sou sa ki gen rapò ak faz la. Chak sèn gen kesyon pou brase lide ki mache ak yo. Apre aktè yo jwe, animatè a kapab pote moun reflechi sou sa yo panse sou sa yo te wè. Konsa, pyès yo vin tounen yon eksperyans ki rich ak anpil echanj.

Teyat nan *Kore Tifi* yo kout, epi yo pa gen anpil sèn. Se pou pwofite okazyon pi kout, ak aktè ki ka gen mwens eksperyans. Pandan yon gwoup moun ap tann yon lòt rankont koumanse, yo te ka jwe yon teyat, oubyen apre yon mès oubyen yon sèvis fini, oubyen nan rekreyasyon lekòl, elatriye. Si gen yon gwoup teyat fòmèl, epi nou vle mobilize moun sèlman pou asiste teyat, aktè yo ansanm ak ekip *Kore Tifi* kapab lonje replik yo pou fè sèn yo pi long.

## **Kèk ti konsèy pou preparasyon sèn teyat yo:**

- \* Nan chak sèn, eseye fè soti lide ki nan istwa a ak èd-memwa a atravè dyalòg ak aksyon karaktè yo.
- \* Kapab gen moman nan teyat la ki komik, men eseye travay ak aktè yo pou moun pa anvri ri vyolans oubyen minimize konsekans li.
- \* Swiv lòd istwa a, san nou pa devye twòp, ni nou pa pase twòp tan sou yon pati ladan li, pou nou kapab kouvri tout pati yo nan tan ki prevwa.
- \* Asire nou piblik la byen tandè, epi li byen konprann sa nou vle fè pase a.
- \* Lè sa pi fasil, fè animatè a pale ak piblik la pou ede moun konprann sèn nan, pa egzanp pou yo konnen kiyès karaktè yo ye.
- \* Respekte tan ki mete pou prepare e pou jwe sèn yo.
- \* Antre nan po karaktè yo, epi fè kreyativite nou mache!!

# Faz Sipò - Teyat No. 1



Lide pou moun kenbe nan tèt yo apre yo fin wè pyès teyat sa a:  
Tifi ak ti gason bezwen sipò pou yo viv egal-ego!

## Kònsèy sou jan animatè a ka kòmanse:

- Swete patisipan yo byenvini.
- Avan chak sèn, animatè a ap li wòl yo pou piblik la.
- Pale de *Lide pou moun kenbe nan tèt yo a*, yon jan pou ou ka kòmanse bay yon lide sou teyat la.

## Wòl yo

<b>Mari</b>	Se yon tifi	Li gen 10zan. Li se pitit Silya.
<b>Silya</b>	Se yon fanm	Li se manman Mari ak Pouchon.
<b>Pouchon</b>	Se yon ti gason	Li se pitit gason Silya, li gen 8tan. L ap viv nan kay la.
<b>Tati Ima</b>	Se yon fanm	Se gran sè Silya, matant Mari ak Pouchon. L ap vizite pandan kèk jou nan kay la.

## Istwa:


Mari ap bale kizin nan pandan Silya ak Tati Ima parèt, epi yo rale 2 chèz pou yo chita bò Mari. Mari sezi epi li pa konn sa k pral pase. Tati Ima remake sa, epi li di se pa yon bagay ki mal, yo annik vle fè yon ti pale ak li.

Pouchon antre soti nan jwe boul, plen labou, epi mande kote manje a ye. Tati Ima mande l vini pou manman l ka pale avè l tou. Silya mande Pouchon kote li soti sal konsa. Pouchon di ekip foutbòl li an te genyen, men li pa te fasil. Li di ap genyen yon lòt jwèt demensidyevele epi l ap bon si Mari ka lave pou li toutswit. Mari koumanse leve pou l al lave, men Tati Ima gade Silya, epi Silya di li mèt rete chita.

Silya ranmase kouraj li, epi li di timoun li yo genyen bagay enpòtan anpil li genyen pou li pale ansanm ak yo. Jan lavi a ye, li pa ta dwe kontinye konsa pou yo. Li mande ekskiz nan men Mari, paske li te toujou ap di l se gason ki te gen dwa sou fi, epi se pou li soumèt anba gason lè l vin marye. Men Tati Ima fè l wè bagay sa yo pa mache. Menm eksperyans pwòp lavi pa li montre sa pa mache tou. Li esplike istwa li menm ak papa Mari ak Pouchon ki abandone yo, epi li di li te swiv tout konsèy sa depi li te timoun pou swiv lòd gason, epi li toujou pa te mache pou li. Papa li pa te respekte l, te bat li, epi lè fini li kite yo de bra balanse. Li deside li p ap kite pitit li yo rete prizonye nan chenn lanfè sa a. Li vle yon lòt lavi ki pi bon pou yo. Li vle yo tou de konnen yo gen menm valè ak menm dwa. Silya esplike Pouchon petèt li ta bon pou l lave pwòp rad pa li paske Mari gen devwa lekòl pou l fè. Pouchon sezi.



Tati Ima felisite Silya pou sa li di a. Li di Mari pandan l ap vizite, li vle ede Silya ak manzè jwenn yon klèb tifi oubyen yon kou mizik pou Mari koumanse fè zanmi nan katye a. Mari tèlman kontan li pa konnen sa pou l fè. Tati Ima mande Pouchon si li konn lave rad li. Li di li pa twò abitye fè sa. Li di li kapab ede Pouchon aprann apre yo fin pale. Pouchon sezi, epi li di "men lave rad ak fè manje se travay fi li ye!" Tati Ima ri, men ak lamou. Li di Pouchon anpil moun kwè sa, men sa pa mache pou tout moun. Tati Ima di l ap fè Pouchon ak Mari vin vizite kay li menm ak Tonton Jean Louis, pou yo kapab wè kijan kay yo fonksyone, ak li menm ak mari li kè kontan epi egal-ego. Tout moun kontan lide a.



### Èd-memwa pou aktè yo:

- **Silya:** Li difisil pou li pale ak pitit li yo jan li fè, men li kwè sa l ap di a tout bon.
- **Tati Ima:** Li alèz epi li kontan pou bay sipò ak sè li Silya, nyès li ak neve li. Li montre lanmou pou yo chak, epi li vle sa ki bon pou yo.
- **Mari:** Li preske pa ka kwè sa l ap tande nan bouch manman li Silya, epi li kontan anpil.
- **Pouchon:** Li krent, epi li malalèz, men l ap reflechi tout bon. Nan fen an, li vreman kontan ak lide al vizite kay Tati Ima ak Tonton Jean Louis.

### Kesyon pou brase lide:

- Kisa ou panse sou sa Silya ap di pitit li yo?
- Kijan wòl Tati Ima te enpòtan nan koze a?
- Ki avantaj li kapab genyen pou Mari ak Pouchon pi devan si yo reyisi aprann viv egal-ego nan kay la kounye a?
- Ki sipò paran nan kominote a bezwen pou ede pitit fi yo ak pitit gason yo aprann viv egal-ego?
- Ki sipò paran kapab bay pitit fi yo ak pitit gason yo pou yo viv egal-ego youn ak lòt?

### Konsèy sou jan animatè a ka konkli:

- Remèsye aktè yo ak piblik la pou patisipasyon yo.
- Fè yon ranmase sou pwèn ki te pi enpòtan yo nan deba a, epi fè yon ti rete sou *Lide pou moun kenbe nan tèt yo a*.
- Esplike kouman paran kapab bezwen sipò, epi timoun bezwen sipò tou pou pou yo konnen tifi ak ti gason gen menm valè, epi yo bezwen menm libète ak menm responsabilite. Se yon aprantisaj pou fi ak gason viv egal-ego!

# Faz Sipò - Teyat No. 2

Lide pou moun kenbe nan tèt yo apre yo fin wè pyès teyat sa a:  
Pou yon tifi an sante, li pa ka sou kont gason.

## Kònsèy sou jan animatè a ka kòmanse:

- Swete patisipan yo byenvini.
- Avan chak sèn, animatè a ap li wòl yo pou piblik la.
- Pale de *Lide pou moun kenbe nan tèt yo a*, yon jan pou ou kòmanse bay yon lide sou teyat la.

## Wòl yo:

<b>Karin</b>	Se yon fanm	Li se manman Rebeka.
<b>Rebeka</b>	Se yon jèn fi	Li gen 16zan, li se pitit Karin.
<b>Mis la</b>	Se yon fi oubyen yon gason	Li travay nan lopital, men li pa gen gwo wòl sou sèn nan.
<b>Ketlin</b>	Se yon fanm	Zanmi Karin ki travay nan lopital la.

## Istwa:

Rebeka ak Karin nan lopital la, kote yo fè tès VIH/SIDA. Rebeka tonbe kriye epi li esplike manman li li pè poutèt kounye a Enjenyè Jwachen tonbe malad ak 2 nan lòt fi li yo. Li panse li kapab gen VIH/SIDA tou. Karin eseye soulaje li, men li di li bon pou yo konnen paske menm si li genyen maladi a sa pa vle di lavi a fini si li pran tout medikaman yo. Rebeka mande Karin kijan yo pral fè san èd Enjenyè a ankò. Yo p ap gen lajan pou peye lekòl pitit sè ak frè li yo. Karin di yo oblije fè yon aktivite pou yo pa tonbe ankò nan viv sou kont gason. Yo toude sou estrès.

Mis la vini epi Rebeka mande Karin vini ak yo nan biwo kote Mis la ap bay rezilta tès la. Yo soti sou sèn nan, men nou kapab tande reyaksyon Rebeka ak Karin ki kontan anpil - yo ap remesye Bondye, remèsye Mis la, epi ambrase youn lòt pandan yo antre sou sèn nan ankò. Dlo koule nan je yo, tèlman kè yo kontan. Karin di Rebeka sa pa chanje anyen yo pa ka ale nan viv sou kont gason ankò li pa bon pou yo. Li prale achte kèk bagay epi li pral vann nan mache a, epi li pa vle pou Rebeka reflechi twòp sou lajan ankò. Se pa responsabilite yon tifi pou pote kòb nan kay la.

Gen yon zanmi Karin ki rele Ketlin, ki travay nan lopital la epi vin pale ak yo. Yo salye. Karin mande si li kapab pale ak Rebeka jan li te mande a. Ketlin di wi epi mande yo chita. Ketlin di li pral pale ak Rebeka sou kèk bagay sou kò li. Ketlin esplike se nan fè bagay ak gason yon fi

vin ansent. Li di lè 2 moun renmen, epi yo konn kijan pou yo evite danje ak maladi, se yon bèl bagay pou yo fè lanmou ansanm.

Ketlin esplike toujou se pa nan nenpòt kondisyon 2 moun kapab fè bagay ansanm. Tou dabò, se pou yo konnen tout konsekans posib ki genyen nan fè bagay, tankou VIH/SIDA oubyen vin ansent sanzatan. Epitou se pou tou 2 moun yo dakò pou sa, ak tout konsyans yo. Fòk toude moun yo genyen 18an tou. Kòm li menm Rebeka poko genyen 18an, li poko gen laj pou li fè bagay. Anvan Rebeka deside fè bagay ankò l ap esplike l fason pou mete kapòt, men li swete Rebeka kapab fè yon ti tan lè li gen plis laj pou sa. Rebeka di li dakò li poko vle epi l ap tann. Ketlin di gen moun ki ap pale sou trennen Enjenyè Jwachen nan tribinal pou sa li fè tifi nan zòn nan, epi li kwè l ap fè yon rankont nan zòn nan pou pale sou kapòt kan menm pou asire moun yo ap pwoteje tèt yo lè yo deside fè bagay, epi pou yo tout konnen danje pou fi fè bagay twò bonè.

Ketlin esplike li genyen yon yon gwoupman fanm ki rankontre lakay li chak samedì, epi yon klèb jèn fi ki rankontre apre l. Semenn pwochèn y ap rankontre ansanm paske yo genyen yon moun ki ap fè yon atelye sou jesyon finans ak yo, ak kijan pou monte yon biznis. Rebeka kontan li mande ki lè atelye a ap fèt, epi èske li kapab vini. Karin kontan ak lide a tou, men li raple Ketlin se li menm antanke granmoun



nan kay la ki gen premyè responsabilite jwenn lajan pou fanmi a. Li kapab aprann pou lavni. Yo pran tout detay nan men Ketlin, epi yo soti, kè kontan ak lespwa.

### Èd-memwa pou aktè yo:

- **Karin:** Se tankou li wè klè pou premyè fwa sa ki bezwen fèt. L ap reprann wòl li kòm manman.
- **Rebeka:** Li vreman sou estrès nan koumansman sèn nan, epi apre rezilta tès VIH/SIDA soti negatif, li vreman kè kontan li tounen timoun. Li vreman tandè ak anpil atansyon lè Ketlin ap esplike l koze sou fè bagay, epi li kontan anpil nan fen sèn nan lè li santi fanmi a gen espwa pou jwenn lajan san sa pa rete sou dosye l.
- **Ketlin:** Li vreman saj epi kreye bon kominikasyon ak Rebeka. Se yon modèl ni pou Rebeka ni pou Karin nan jan yo kapab kominike ansanm, epi jan yo kapab reyisi nan lavi san yo pa rete sou kont gason.

### Kesyon pou brase lide:

- Kijan ou te wè sipò Rebeka jwenn nan men Karin ak Ketlin? Kisa ki te ede l pi plis?
- Poukisa Karin ensiste pou se li menm olye se Rebeka ki pral pran responsabilite pote kòb nan kay la?
- Ki sipò jèn gason bezwen pou yo pa swiv menm wout ak Enjenyè Jwachen? Ki lòt fason Enjenyè a te ka fè pou ede tifi yo san li pa t eksplwate yo?
- Ki sipò jèn fi bezwen pou yo viv an sante epi pou yo aprann rantre lajan san yo pa sou kont gason pou sa?

### Konsèy sou jan animatè a ka konkli:

- Remèsye aktè yo ak piblik la pou patisipasyon yo.
- Fè yon ranmase sou pwèn ki te pi enpòtan yo nan deba a, epi fè yon ti rete sou *Lide pou moun kenbe nan tèt yo a*.
- Esplike li enpòtan pou nou bay tifi ak jèn fi sipò nan kontinye lekòl, aprann sou jesyon finans ak biznis, epi ede yo jwenn konesans ak kapasite yo bezwen pou yo pa oblije viv sou kont gason. Li enpòtan tou pou nou bay ti gason ak jèn gason sipò pou yo konnen, si yo gen mwayen pou ede yon fi, li ka fè sa, men li pa korek pou mande l kouche pou sa.



# Faz Sipò - Teyat No. 3

Lide pou moun kenbe nan tèt yo apre yo fin wè pyès teyat sa a:  
Fi ki sibi kadejak bezwen sipò w!

*NB: Anvan aktè yo jwe teyat sa a, asire moun k ap anime deba a apre byen konnen resous ki la nan kominote a si yon ka vyolans rive, tankou òganizasyon fanm, kote ou kapab jwenn sètifika mèdikal ak medikaman 72zè, elatriye.*

## Konsèy sou jan animatè a ka kòmanse:

- Swete patisipan yo byenvini.
- Avan chak sèn, animatè a ap li wòl yo pou piblik la.
- Pale de *Lide pou moun kenbe nan tèt yo a*, yon jan pou ou kòmanse bay yon lide sou teyat la.

## Wòl yo:

<b>Safira</b>	Se yon tifi	Li se yon timoun ki genyen apeprè 10zan ki nan restavèk nan yon kay nan menm katye ak Eloniz ak Makenson.
<b>Eloniz</b>	Se yon tifi	Li se yon fi nan menm katye ak Safira ki gen 15zan.
<b>Makenson</b>	Se yon jèn gason	Li se gran frè Eloniz ki genyen 18an, ki nan menm katye ak Safira.
<b>Madam Lundi</b>	Se yon fi	Reskonsab òganizasyon fanm

## Istwa:

Safira nan fontèn dlo ap kriye pou kont li. Eloniz ak Makenson ap vini nan sous dlo a, ap pale. Eloniz wè Safira ap kriye epi esplike Makenson se tifi ki rete lakay Donal. Makenson sijere yo al pale ak li mande l sa k pase. Yo fè sa. Safira eseye fè tankou li pa t ap kriye, men emosyon an twòp pou li. Li tonbe esplike yo tout sa Donal, jenom nan kay kote li rete a, fè li. Li di li ta pito pann tèt li pase pou l tounen nan kay la ankò.

Eloniz ak Makenson tande li epi soulaje l. Safira ak Eloniz apiye youn sou lòt, tèlman Eloniz santi soufrans Safira. Apre yon ti tan, Makenson di li gen yon moun ki kapab ede yo konn sa pou yo fè. Se kouzin li menm ak Eloniz ki responsab yon òganizasyon fanm. Li mande Safira si li vle al wè l. Safira krent, paske li pa vle tout moun konnen zafè l. Li pè pou Donal pa touye li. Makenson ak Eloniz di yo ap di moun sa yo konnen, epi Makenson di li fè kouzin li, Madam Lundi, konfyans. Yo deside ale kote l lakay li, ki tou pre fontèn dlo a.

Lè yo rive, Madam Lundi ap chita devan kay la. Yo salye, epi prezante Safira. Madam Lundi mande yo chita. Makenson ankouraje Safira pale. Li tonbe pale epi esplike koze a. Madam Lundi tande l byen epi felisite yo tout dèske yo chwazi vin kote li. Li di li konnen li difisil, men li byen fè pou di yon granmoun sa a. Sa k te rive l se pa fòt li ditou. Se Donal ki fè yon krim an kont li.

Li esplike premyè bagay pou l fè se rele yon moun li konnen nan pwoteksyon timoun, ki kapab rankontre yo nan lopital la. Safira koumanse enkyete, men Madam Lundi di genyen 3 bagay yo bezwen fè nan lopital la. Kòm se mwen pase 72zèdtan depi kadejak la pase, y ap bay Safira medikaman pou anpeche li tonbe ansent ak pou anpeche l pran VIH/SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay. Epi tou, y ap asire li pa gen blesi epi bay li swen pou sa yo. Finalman, y ap pran ka li epi ba li yon sètifika medikal. L ap bezwen sa pou lajistis pran ka li.

Moun nan pwoteksyon timoun ap pale avè l sou sa ki kapab bezwen fèt pou li pa tounen kay Donal ankò.


Safira di li renmen lide sa a. Makenson ak Eloniz pare pou fè pakou a avè l, ansanm ak Madam Lundi.

### Èd-memwa

- **Safira:** Se li ki genyen wòl prensipal nan sèn nan. Piblik la dwe genyen bon santiman ak respè pou li. Nan koumanman sèn nan pandan li pou kont li. Lakriye a se san espwa nèt. Pandan sèn nan evolye, li toujou twomatize epi tris anpil, men li koumanse santi li ranfòse.
- **Eloniz:** Li gen kè pou Safira tout bon. Li pa konn egzakteman sa pou l fè pou li, men li ba li tout sipò moral li kapab.
- **Makenson:** Se yon bon moun, ki wè enjistis nan sa Safira soufri. Li vle ede Safira pou l soti nan sitiyasyon kote li ye a, epi li pare pou bay tout li menm pou sa.
- **Madam Lundi:** Depi li parèt, li vin manman pou yo tout nan yon sans. Li vreman konn sa l ap fè, epi li gen kè pou yo tout. Li rekonèt tou se timoun yo ye epi li oblije pale yon ti kras pi senp ak pi klè pou Safira ak Eloniz sitou kapab alèz.

### Kesyon pou brase lide:

- Kijan nou te wè Safira nan koumansman sèn nan?
- Kisa Madam Lundi, Makenson ak Eloniz kòmanse fè ki ede Safira?
- Ki lòt sipò ankò Safira ap bezwen?
- Ki sipò yon moun ki sibi yon kadejak bezwen? (NB: Eseye fè soti repons sa yo: medikaman 72zè, sètifika medikal, swen sante, jistis, sipò moral, pwoteksyon timoun nan ka yon timoun, ebejman kèk fwa, elatriye.)



- Nan kominote nou an, èske gen moun tankou Madam Lundi, Makenson ak Eloniz? Ki enstans oubyen moun ki ede moun ki sibi kadejak nan kominote nou an? (NB: Asire bon repons soti pou zòn nan, epi tout moun konprann ki kote yo ka ale si yo konnen yon moun ki sibi kadejak.)
- Kijan chak nan nou te kapab bay fi ki sibi kadejak oubyen lòt kalte vyolans sipò?

### **Konsèy sou jan animatè a ka konkli:**

- Remèsye aktè yo ak piblik la pou patisipasyon yo.
- Fè yon ranmase sou pwèn ki te pi enpòtan yo nan deba a, epi fè yon ti rete sou Lide pou moun kenbe nan tèt yo a.
- Esplike kouman li enpòtan pou nou chak aprann resous ki egziste nan kominote a, epitou pou nou bay fi ki sibi vyolans yo sipò nou!

# TI PALE AK PARAN

## **Koutje sou Ti Pale Faz 3 (Sipò):**

Genyen de (2) kalte zouti ki fèt espesyalman pou paran nan Faz 3 *Kore Tifi*. Se: “Ti Pale ak Paran” ak “Ti Pale pou Paran ak Pitit yo”. Nan Faz 3 genyen sis “Ti Pale ak Paran” ak twa “Ti Pale pou Paran ak Pitit yo”.

Sijè ki nan “Ti Pale ak Paran” ak “Ti Pale pou Paran ak Pitit yo” genyen pwen komen antre yo, yo lye youn ak lòt. Rezon an, se pou paran ak moun ki pran swen timoun patisipe nan de Ti Pale ki gen sijè ki lye; apre sa, yo resevwa yon rezime avèk desen plis pwen ki pa detaye pou yo kapab pataje sa yo te aprann ak pitit yo plis timoun yo ap pran swen.

Kontinye sèvi ak “Ti Pale ak Paran” jan nou te fè sa nan Faz 2 ak 3, avèk menm gwoup moun yo, nan menm kalte espas yo. Baze dyalòg yo sou kesyon epi kite yo ouvè. Si nou bezwen yon rafrech memwa sou fason pou nou sèvi avèk “Ti Pale ak Paran” oswa “Ti Pale pou Paran ak Pitit yo,” gade enfòmasyon sou sa nan “Koutje sou Ti Pale” ki nan materyèl mobilizasyon kominotè pou Faz 2.



# Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou: Se pou paran bay tifi sipò pou yo vin djanm epi viv pi byen.

**Entwodiksyon:** Jodi a nou pral pale sou fason paran kapab bay tifi yo sipò pou yo devlope kapasite yo, devwale talan yo ak pouvwa yo, epi fè tèt ansanm ak lòt fi parèy yo.

## **Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :**

Nòt pou animatè/animatris Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilite a di yo.

## 1. Poukisa li enpòtan pou paran bay tifi ak jèn fi sipò?

**Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Paran gen gwo wòl nan bay timoun modèl pou yo swiv.
- Sipò paran pèmèt tifi ak jèn fi pa sibi vyolans ni ansent anvan lè epi travay byen lekòl.
- Sipò paran ba yo detèminasyon pou yo swiv wout yo ak objektif yo fikse pou lavni yo.
- Sipò paran bay tifi pa sèlman itil tifi yo, se tout kominote kote yo ap viv ki benefisye sa. Lè tifi jwenn sipò paran yo, kominote yo jwenn avantaj, tankou: sante, ekonomi, edikasyon, elatriye. Lè tifi pa jwenn sipò, kominote a pèdi anpil.
- Se dwa tifi yo pou yo jwenn sipò ak ankadreman nan men lòt moun e se devwa paran yo pou yo bay tifi ak jèn fi yo sipò.
- Raple sijè a : **Se pou paran bay tifi sipò pou yo vin djanm epi viv pi byen.**

## 2. Kijan nou kapab bay tifi ak jèn fi sipò pou yo devlope talan ak kapasite yo?

**Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Montre tifi ak jèn fi yo yo se moun. Yo gen menm dwa ak tout moun. Privilèj lòt moun genyen, yo merite l tou.
- Pèmèt tifi yo patisipe nan koze familyal ak kominotè. Koute sa yo panse e pran lide yo bay an konsiderasyon.

#1  
Sipò  
Opis

- Pran tan ak swen pou nou chita pale ak tifi yo, pou ede yo dekouvri fòs yo, pouvwa yo ak talan yo yon fason pou ede yo kwè nan tèt yo.
- Sezi opòtinite, kreye posibilite pou tifi ak jèn fi montre talan yo. Pa egzanp, si yo renmen mizik, ankouraje yo chante devan fanmi an, nan ti fèt kominotè, nan gwoup mizik bò lakay yo, ak nan legliz.
- Menm si yon tifi oubyen yon jèn fi poko kapab fè yon bagay byen, felisite li pou efò li fè, ba li ankadreman epi ankouraje li pou li kapab pi byen fè sa li ap fè a.
- Raple sijè a : **Se pou paran bay tifi sipò pou yo vin djanm epi viv pi byen.**

### 3. Kijan nou kapab bay tifi ak jèn fi sipò pou yo jwenn pouvwa yo epi devlope tèt ansanm ak lòt fi?

**Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Ede tifi yo idantifye lòt fi ki pi gran pase yo ki kapab sèvi kòm modèl epi pèmèt yo gen plis relasyon ak moun sa yo, sa va ede yo anpil nan jwenn fòs ak pouvwa yo. *NB: Nan klèb pou tifi yo rele modèl sa yo menntò.*
- Idantifye nan kominote a kèk espas tifi ak jèn fi santi yo alèz, ki pa prezante okenn danje pou yo. Pèmèt tifi yo pwofite espas sa yo epi ede espas sa yo kontinye egziste.
- Poze tifi ak jèn fi kesyon pou nou aprann fason yo vle nou ede yo jwenn pouvwa yo, epi swiv sa yo di nou.
- Raple tifi ak jèn fi yo, pwoblèm yon fi se pwoblèm tout fi, donk fi dwe toujou pare pou fè tèt ansanm ak lòt fi. Raple yo tou lè yon fi bliye pwoblèm lòt fi, se pwoblèm tout fi li bliye. Sa a rann yo an danje.
- Raple sijè a : **Se pou paran bay tifi sipò pou yo vin djanm epi viv pi byen.**

## Dènye mo pou fèmen deba a :

**Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?**



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

**Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • [annanpechevolans@gmail.com](mailto:annanpechevolans@gmail.com) • [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •**

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre

# Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou: Fòk nou edike pitit nou pou yo kapab byen pwoteje tèt yo.

**Entwodiksyon:** Jodi a nou pral pale sou kèk bagay nou kapab montre pitit nou yo pou yo byen pwoteje tèt yo.

## **Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :**

Nòt pou animatè/animatris Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilite a di yo.

## 1. Gen moun ki di enfòmasyon bay pouvwa. Nan ki fason nou wè enfòmasyon makònen ak fòs oubyen pouvwa?

**Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Lè nou byen enfòme, nou kapab fè pi bon chwa, donk nou genyen pi bon metriz sou anviwonman ak sityasyon nou .
- Lè moun anpeche nou genyen aksè ak enfòmasyon ki konsène nou, se pouvwa yo retire nan men nou.
- Menm jan ak granmoun, gen enfòmasyon timoun bezwen pou yo kapab fè bon chwa epi pou yon jwenn pouvwa yo.
- Raple sijè a : **Fòk nou edike pitit nou pou yo kapab byen pwoteje tèt yo.**

## 2. Pou yon timoun byen pwoteje tèt li, kisa nou kapab montre li?

**Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Kreye yon ti bidjè ak yon plan depans, sa vle di byen planifye epi byen jere lajan.
- Konnen ki kote pou li jwenn manje ak lòt sa ki nesèsè pou li siviv nan yon sityasyon ijans san li pa mete tèt li an danje.

- Konnen li gen dwa e li dwe refize lè yon granmoun mande l fè yon bagay ki pa bon.
- Pale pou tèt li e li dwe fè sa nan tout sitiyasyon kote li santi dwa li pa respekte. (Tankou, pou si y ap eseye retire l lekòl, oubyen lòt.)
- Kapab fè yon lòt moun tande li e di non klè, li p ap fè bagay si yon moun mande li sa oubyen vle eseye fè sa avèk li. Kapab negosye sou sa li vle ak sa li pa vle ak kò li.
- Lè li gen laj pou sa, montre li kijan pou li evite gwosès ak maladi moun pran nan fè bagay.
- Lè li gen laj pou sa, montre li kijan pou li balanse pouvwa nan sitiyasyon renmen - kijan pou li jere konfli san vyolans, elatriye.
- Raple sijè a : **Fòk nou edike pitit nou pou yo kapab byen pwoteje tèt yo.**

### 3. Kisa paran bezwen montre tifi ak jèn fi pou yo kapab byen pwoteje tèt yo?

**Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Tout repons pou denyè kesyon bon pou fi, epi tèlman enpòtan pou yo ka jwenn pouvwa yo nan kominote a.
- Idantifye kote ki pa gen danje pou fi anndan kominote a.
- Ki kote pou yo ale si gen moun ki fè vyolans sou yo pou yo jwenn sipò.
- Genyen moun yo kapab fè konfyans e yo kapab di tout bagay (tankou paran, modèl).
- Devlope tèt ansanm ak lòt fi parèy yo san yo pa jije yo.
- Aprann di non, epi refize nenpòt bagay ki ka mete yo an danje.
- Raple sijè a : **Fòk nou edike pitit nou pou yo kapab byen pwoteje tèt yo.**

### Dènye mo pou fèmèn deba a :

**Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?**



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

**Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • [annanpechevyolans@gmail.com](mailto:annanpechevyolans@gmail.com) • [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •**



*Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre*

# Ti Pale paran ak pitit

Gid sa a, se pou ede paran fè dyalòg ak pitit yo. Li ap pi efikas lè yon paran deja patisipe nan Ti Pale ak paran Sipò #1 ki gen tèm: Se pou paran bay tifi sipò pou yo vin djanm epi viv byen ak Ti Pale ak paran Sipò #2 ki gen tèm: Fòk nou montre pitit nou kèk bagay pou yo byen pwoteje tèt yo

## TÈM:


Moun bezwen sipò pou yo djanm.



## **Èd memwa pou paran sou Tèm: Moun bezwen sipò pou yo djanm.**

Deside sa w ap di selon laj timoun nan, epi raple ou sa ou te aprann nan ti pale ou te asiste yo.

- Mande: Kòm timoun, kisa ou kwè ou kapab fè? Ki dwa ou genyen antanke moun?
- Mande: Kisa ou renmen fè? Kijan m kapab ankouraje w nan sa ou renmen fè a?
- Mande: (Pou tifi) Nan fi ou konnen, kilès ladan yo ou ta vle suiv kòm modèl? Kisa ou renmen nan fason yo ye, nan sa yo ap fè?
- Mande: Kijan m kapab ede w santi tout fòs ou genyen pou ou ka djanm?
- Di: Mwen vle pou ou santi ou alèz pou ou pale avèk mwen. Reflechi pou wè ki lòt moun ankò ou kapab fè konfyans.
- Mande: (Pou tifi) Nan tout kote ou konn ale, ki bò ou santi ou pi alèz, san ou pa santi kè kase ni laperèz? Kijan nou ka ede w jwenn plis kote ou santi ou alèz?



- **Mande:** Si yon granmoun mande ou fè yon bagay ki pa byen, kijan ou ka refize fè sa li mande ou fè a?
- **Mande:** Si ou yon kote epi ou santi gen moun ki pa respekte dwa pa ou, kisa ou ka fè?
- **Di:** Lè gen ijans, yon moun bezwen konnen kote pou li jwenn manje ak tout sa ki nesèsè pou li viv san li pa mete tèt li an danje. **Mande:** Èske ou pa ta vle konnen sa pou ou fè, kote pou ou ale? (Esplike sa a.)
- **Di:** (Lè li gen laj pou sa) M kapab esplike w oubyen mennen w kote yon moun pou esplike w kijan pou ou evite gwosès ak maladi moun pran nan fè bagay. (Esplike epi mennen yo.)
- **Di:** M ap mennen w kèk kote ou kapab ale si ou genyen yon pwoblèm menm lè m pa la.

Sipò



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

**Repanse Pouwa (509) 3617 1815 • [annanpechevolans@gmail.com](mailto:annanpechevolans@gmail.com) • [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •**

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwa ak atis Chevelin Pierre

# Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou: Paran gen pouvwa pou leve tifi ak ti gason pou youn egal ak lòt.

**Entwodiksyon:** Jodi a nou pral pale sou pouvwa paran genyen pou ankadre pitit gason ak pitit fi pou yo gen menm fòs ak pouvwa.

## **Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :**

Nòt pou animatè/animatris Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilite a di yo.

## 1. Kisa paran konn fè ki fè tifi oubyen ti gason konn santi youn pi enpòtan pase lòt?

**Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Bay zafè lekòl ti gason plis enpòtan pase pa tifi.
- Bay ti gason plis opòtinite pou yo etidye nan fason paran yo distribye travay ki pou fèt nan kay la.
- Bay gason plis libète pou yo jwe oubyen dekouvri sa k enterese yo.
- Montre ti gason yo se chèf, epi montre tifi sipoze soumèt oubyen swiv lòd.
- Fè diferans nan tretman yo bay timoun swa akòz papa yo ki diferan, zanmi yo genyen, entelijans, koulè po yo oubyen cheve elatriye.
- Raple sijè a : **Paran gen pouvwa pou leve tifi ak ti gason pou youn egal ak lòt.**

## 2. Kijan nou kapab bay tifi yo sipò pou yo santi yo egal ak frè yo ak lòt gason?

**Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Voye tifi nan bon kalite lekòl menm jan ak ti gason, epi asire yo jwenn ankadreman yo bezwen pou yo genyen menm chans pou yo reyisi ak ti gason yo.
- Bay tifi ak ti gason menm kantite tach nan kay la, asire yo tou 2 jwenn menm opòtinite pou etidye, fè devwa lekòl yo, jwe e fè zanmi.

- Pale ak tifi yo sou wòl lidèchip yo kapab genyen nan lavi yo, epi ankouraje yo pale, montre talan yo.
- Aprann yo sou lajan ak travay menm jan ak frè yo.
- Raple sijè a : **Paran gen pouvwa pou leve tifi ak ti gason pou youn egal ak lòt.**

### 3. Kijan nou kapab bay ti gason sipò pou yo santi yo egal ak sè yo ak lòt fi?

**Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

*NB: Tout repons pou dezyèm kesyon yo valab tou pou fè ak ti gason.*

- Ede ti gason yo konprann fason pou yo montre respè pou fi, tandè sa yo di, epi ankouraje yo.
- Asire ti gason yo konprann poukisa yo genyen menm kalite, menm kantite travay ak sè yo, asire yo wè fanmi yo kòm yon modèl epi yo wè tèt yo kòm gason ki kapab sèvi ak pouvwa yo pou ede fi jwenn pouvwa pa yo.
- Si yon ti gason eseye pase lòd nan fanmi li oubyen montre li se chèf, ankouraje l pataje wòl li vle jwe a avèk sè li.
- Raple sijè a : **Paran gen pouvwa pou leve tifi ak ti gason pou youn egal ak lòt.**

### Dènye mo pou fèmèn deba a :

**Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?**



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

**Repanse Pouwwa (509) 3617 1815 • [annanpechevolans@gmail.com](mailto:annanpechevolans@gmail.com) • [repansepouwwa.org](http://repansepouwwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •**

*Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwwa ak atis Chevelin Pierre*

# Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou: Tout paran dwe konnen kijan pou yo bay timoun sipò lè yo sibi vyolans.

**Entwodiksyon:** Jodi a nou pral pale sou jan pou nou bay timoun sipò si yo sibi yon kadejak, oubyen lòt kalte vyolans.

**Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :**

Nòt pou animatè/animatris Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilite a di yo.

## 1. Kisa yon timoun kapab bezwen apre li ta fin sibi vyolans, tankou: kadejak, lòt vyolans seksyèl oubyen baton?

**Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Sipò moral: Tande li epi fè l konnen li pa pou kont li.
- Timoun nan kapab bezwen tandè pèsonn moun pa merite sibi vyolans. Pa blame timoun nan pou li pa santi se fòt li.
- Sante: Timoun ki sibi kadejak bezwen ale nan lopital oubyen kote ki genyen medikaman apwopriye anvan 72zèdtan pase. Pou lòt blesi tou li kapab bezwen ale nan sant sante a tou.
- Jistis: Nan ka vyolans timoun nan bezwen jistis.
- Timoun nan bezwen sipò lòt moun nan antouraj li pou ankouraje l reprann fòs.
- Raple sijè a : **Tout paran dwe konnen kijan pou yo bay timoun sipò si yon timoun sibi vyolans.**

## 2. Kijan nou menm paran kapab bay timoun sipò si yo sibi vyolans?

**Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Chèche konnen òganizasyon ak gwoup ki bay sipò pou timoun ki sibi vyolans, epi kenbe enfòmasyon an pou lè sa a rive.
- Tande timoun ki sibi vyolans lan epi ede l jwenn sipò nan men lòt moun oubyen òganizasyon.

- Pa kase fèy kouvri sa. Menm si se pwòp paran timoun nan k ap fè l abi, nan ka sa a timoun nan bezwen ou pi plis toujou.
- Yon timoun ki sibi vyolans, menm si se pa pitit ou li ye, li bezwen sipò pa w. Toujou ofri sipò w bay timoun yo, sitou sila yo ki restavèk, tifi ki pa lekòl, fi ki poko gen 18an ki ansent, plase oubyen marye, timoun andikape elatriye.
- Raple sijè a : **Tout paran dwe konnen kijan pou yo bay timoun sipò si yon timoun sibi vyolans.**

### 3. Kijan nou kapab bay lòt moun nan kominote a sipò pou yo kapab bay tifi pi bon sipò pou yo pa sibi vyolans?

**Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Kreye espas kote tifi ka ale san yo pa an danje.
- Ede tifi ak jèn fi jwenn lòt fi ki ka kore yo epi ede yo devlope talan yo.
- Ede tifi jwenn resous kominotè pou yo ka grandi.
- Analize kominote a pou wè sa k ladan ki ogmante dwa tifi epi sa k ladan ki diminye pouvwa tifi. Ede kore sa ki ogmante pouvwa ak dwa tifi.
- Gade pwogram ki sipoze ede timoun ki sibi vyolans epi bay gwoup ki fè yo sipò pou yo pi byen ede tifi. Gade pwogram ki sipoze ede fanm ak tifi ki sibi vyolans epi bay gwoup ki fè yo sipò pou yo pi byen ede tifi .
- Raple sijè a : **Tout paran dwe konnen kijan pou yo bay timoun sipò si yon timoun sibi vyolans.**

### Dènye mo pou fèmen deba a :

**Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?**



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

**Repanse Pouwwa (509) 3617 1815 • [annanpechevyolans@gmail.com](mailto:annanpechevyolans@gmail.com) • [repansepouwwa.org](http://repansepouwwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •**

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwwa ak atis Chevelin Pierre

# Ti Pale paran ak pitit

Gid sa a se pou ede paran fè dyalòg ak pitit yo. Li ap pi efikas lè yon paran deja patisipe nan Ti Pale ak paran Sipò #3 ki gen tèm: Paran gen pouvwa pou leve tifi ak ti gason pou youn egal ak lòt ak Ti Pale ak paran Sipò #4 ki gen tèm: Tout paran dwe konnen kijan pou yo bay timoun sipò lè yo sibi vyolans.

## TÈM:

Tifi ak ti gason  
egal-ego



### **Èd memwa pou paran sou Tèm: Tifi ak ti gason egal-ego.**

Deside sa w ap di selon laj timoun nan, epi raple ou sa ou te aprann nan ti pale ou te asiste yo.

- Mande: Kisa moun konn fè ki fè tifi oubyen ti gason konn santi youn pi enpòtan pase lòt?
- Mande: Èske ou kwè tifi ak ti gason sipoze genyen menm dwa? Poukisa?
- Mande: Kisa paran dwe fè pou ti gason ak tifi gen menm dwa? (R: Asire tifi ak ti gason genyen menm kantite travay pou fè nan kay la, epi ba yo menm opòtinite pou yo etidye, fè devwa lekòl yo, jwe, fè zanmi).
- Mande: Poukisa li enpòtan pou frè ak sè, selon laj yo, genyen menm kantite ak menm kalite travay pou yo fè?
- Mande: Kijan ou kapab ede moun ki pi fèb jwenn fòs yo ak pouvwa yo lè yo manke?
- Mande: Kijan nou kapab aprann ti gason yo tande tifi yo? Kijan nou kapab ede tifi ki pa t alèz pou yo pale koumanse pale?



- Di: Si yon moun sibi yon vyolans, gen kèk kote li dwe ale pou li rakonte sa ki rive li. Annou ale ansanm kèk kote ki la pou sa. (Mennen yo.)
- Di: M ap mennen w vizite òganizasyon timoun pou ou kapab konnen yo. (Mennen yo.)

Sipò



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • [annanpechevyolans@gmail.com](mailto:annanpechevyolans@gmail.com) • [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre

# Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou: Li enpòtan pou nou tande tifi lè y ap pale.

**Entwodiksyon:** Jodi a nou pral pale sou enpòtans pou nou ankouraje epi tande tifi yo pale.

## **Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :**

Nòt pou animatè/animatris Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilite a di yo.

## 1. Lè nou tande yon moun ak atansyon, nan ki fason sa itil moun nan?

**Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Tande yon moun byen, sa a fè l konnen li gen pouvwa.
- Fè l santi li enpòtan.
- Ede l kwè nan tèt li.
- Ede l aprann kijan pou li pale byen san laperèz devan lòt moun tou.
- Ede li pi byen konprann sa li konnen.
- Raple sijè a : **Li enpòtan pou nou tande tifi lè y ap pale.**

## 2. Kisa ki fè tifi yo pè pale? Kisa ki anpeche nou tande tifi yo lè y ap pale?

**Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Lè tifi a pè reaksyon paran li yo oubyen lòt moun, li pa pale.
- Nou kapab pa kwè yo gen sajes pou yo pataje.
- Nou pa gen tan pou yo.
- Nou pa bay pawòl tifi yo enpòtans.
- Yo poko santi yo alèz pou yo pale, epi nou pa konnen kijan pou kreye espas pou yo alèz pou yo pale.
- Raple sijè a : **Li enpòtan pou nou tande tifi lè y ap pale.**

### 3. Kijan nou kapab kreye kote pou lòt moun tande tifi lè y ap pale?

**Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Ede lòt moun konprann enpòtans tande tifi pale genyen ak enpòtans pou moun sipòte sa tifi yo di.
- Aprann kijan pou nou bay sa tifi yo di valè olye pou nou kritike sa yo di san menm pran tan pou tande yo.
- Mande kote tifi yo santi yo alèz pou yo pale, epi patisipe nan kreye bon kondisyon pou yo pale.
- Pa janm ri yon tifi lè li di sa li panse, men pito ankouraje l oubyen poze l kesyon ak respè pou li ka reflechi pi plis sou sa li te di a.
- Raple sijè a : **Li enpòtan pou nou tande tifi lè y ap pale.**

### Dènnye mo pou fèmèn deba a :

**Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?**



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

**Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • [annanpechevolans@gmail.com](mailto:annanpechevolans@gmail.com) • [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •**

*Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre*

# Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou: An nou bay sipò nou pou kore aktivis k ap lite pou pouvwa tifi.

**Entwodiksyon:** Jodi a nou pral pale sou kijan nou kapab kore aktivis ki ap lite pou tifi jwenn pouvwa yo.

## **Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :**

Nòt pou animatè/animatris Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilite a di yo.

## 1. Kisa ki fè ou rekonèt yon aktivis k ap lite pou pouvwa tifi?

*NB: Yon aktivis se yon moun ki fè ki chòy pou rezoud yon pwoblèm kominote a genyen.*

**Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Li aji ak respè pou tifi ak jèn fi.
- Li patisipe nan inisyativ ki ap pèmèt kominote a tandè epi kore tifi yo.
- Li kreye okazyon pou tifi ak jèn fi kapab fè chwa pa yo epi aji selon pwòp vizyon ak objektif pa yo.
- Li ede tifi ki manke pouvwa jwenn plis pouvwa tankou: fi ki nan restavèk, fi ki pa lekòl, fi ki ansent, plase oubyen marye bonè elatriye.

*NB: Ankouraje kominote a ajoute plis detay ak egzanp.*

- Raple sijè a : **An nou bay sipò nou pou kore aktivis k ap lite pou pouvwa tifi.**

## 2. Poukisa li enpòtan pou aktivis k ap lite pou pouvwa tifi kore youn lòt?

**Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Si aktivis yo pa konekte, moun ka mal konprann kalite angajman yo genyen, moun

ka panse yo ap eseye retire pouvwa nan men lòt moun, lè sa rive se travay tout aktivis ki ap ralanti oubyen bloke.

- Si aktivis yo konekte youn ak lòt, chak grenn aktivis ap genyen plis fòs epi tout sa aktivis yo fè ap genyen plis siksè.
- Raple sijè a : **An nou bay sipò nou pou kore aktivis k ap lite pou pouvwa tifi.**

### 3. Kijan nou kapab kore aktivis k ap lite pou pouvwa tifi?

*NB: Si gen kèk avansman ki fèt nan kominote a, oubyen kèk objektif ki bezwen sipò kominote lokal kote w ap fè Ti Pale sa a, detaye lide sa yo pou gwoup la.*

**Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :**

- Mande klèb tifi ak lòt tifi aktivis, sa yo bezwen pou yo atenn objektif yo, epi swiv sa yo di!
- Mande lòt aktivis pou pouvwa tifi kijan nou kapab ede lit la vanse, epi fè sa yo pwopoze nou fè.
- Si yon moun bay aktivis yo move non pote, se pou ou di yon bagay devan moun nan pou kore aktivis yo. Poze moun nan yon kesyon pou li ta di ki kote li jwenn ak sa li ap di a.
- Jwenn yon fason kèlkonk pou ou remèsye lòt aktivis pou sa y ap fè.
- Felisite siksè aktivis yo.
- Raple sijè a : **An nou bay sipò nou pou kore aktivis k ap lite pou pouvwa tifi.**

### Dènye mo pou fèmen deba a :

**Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?**



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

**Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • [annanpechevyolans@gmail.com](mailto:annanpechevyolans@gmail.com) • [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •**

*Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre*


# Ti Pale paran ak pitit

Gid sa a se pou ede paran fè dyalòg ak pitit yo. Li ap pi efikas lè yon paran deja patisipe nan Ti Pale ak paran Sipò #5 ki gen tèm: Li enpòtan pou nou tande tifi lè y ap pale ak Ti Pale ak paran Sipò #6 ki gen tèm: An nou bay sipò nou pou kore aktivis k ap lite pou pouvwa tifi.

## TÈM:

Kore timoun pou yo vin aktivis pouvwa tifi!

*NB : Pou ti pale sa a, gen pwen ou ka touche si ou gen pitit fi oubyen pitit gason. Si ou gen tou 2, ou ka trete tout pwen yo nèt.*



## **Èd memwa pou paran sou Tèm: Kore timoun pou yo vin aktivis pou pouvwa tifi!**

### **Ti pale pou paran fè ak ti gason:**

- Mande: Poukisa li itil pou nou tande lòt moun ak atansyon? (Sa fè l santi li enpòtan epi sa ede l devlope konfyans nan tèt li.)
- Di: Lè yon fi pa alèz li ka pa pale. Pou sa, li enpòtan pou nou konprann sa ki fè li pa alèz la. Li enpòtan pou tande yon fi, epi konprann mesaj li bay menm si li pa pale. Li enpòtan tou pou ankouraje li lè li kòmanse pale.

### **Ti pale pou paran fè ak tifi (ti gason ka prezan pou tande tifi yo):**

- Mande: Kisa nou vle wè ki chanje pou tifi kapab viv san pwoblèm?
- Mande: Ki lòt tifi nou ka mete ansanm avè w pou nou konnen pwoblèm tifi yo nan kominote a? (Fè yo site non tifi nan zòn nan).
- Mande: Dapre ou menm, kijan nou ka kore aktivis k ap travay pou pouvwa tifi?
- Di: Li enpòtan pou tifi mete ansanm pou decide sa yo bezwen, epi li enpòtan tou pou nou tout kore yo nan sa yo decide fè.

### **Ti pale pou paran fè ak ti gason ak tifi:**

- Di: Klèb tifi gen anpil enpòtans. Anpil moun pa wè poukisa yo la, yo konprann se pouvwa y ap bay tifi yo sou ti gason yo. Fò nou konprann se paske kominote a bay ti gason plis pouvwa pase tifi ki fè klèb sa yo oblije la. Donk travay sa a ap fèt pou balanse pouvwa ant tifi ak ti gason. Sa a ap bon pou tout moun.
- Di: An nou ale pale ak yon gwoupman tifi pou mande kijan nou kapab kore yo. (Mennen timoun yo ale kote lidè klèb tifi.)

Sipò



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • [annanpechevolans@gmail.com](mailto:annanpechevolans@gmail.com) • [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre